ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№121 (24.247) • 2021 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ зэрехъуэхъур

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм, отраслым и ветеранхэм фи IэщIагъэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

А махуэшхуэм зэкъуегъэувэ щIым елэжь псори. Фи гуащIэдэкIым кърикIуэм елъытащ республикэми къэралми ерыскъыкIэ я шынагъуэншагъэр, къуажэ щIыпIэхэм я зыужьыныгъэр.

Иужь илъэсхэм республикэм и агропромышленнэ комплексым и IуэхущIапIэхэм хэпщIыкIыу заIэт, зыкIи едмыгъэлейуэ къыхэдгъэщынщи, ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэрагъэхьэ. Коронавирус уз зэрыцIалэм къытхуихьа гугъуехьхэр щыIэ пэтми, отраслым хъарзынэу адэкIи зеужь. А ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэщ унэтIыныгъэм щылажьэхэм я Iэзагъыр, жыджэрагъыр, къанэ щымыIэу Iуэхум зэрызэратыр, мэкъумэш хозяйствэм ехьэлIа технологие пэрытхэмрэ бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ къызэрагъэIурыщIэр.

ФIыщIэ ин псоми фхузощI мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи хуабжьу дызыхуэныкъуэ фи лэжьыгъэм папщIэ, фи IэщIагъэм фызэрыхуэпэжымрэ дыкъыщалъхуа щIыр фIыуэ зэрыфлъагъумрэ щхьэкIэ.

Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я зэфIэкI псори зэрырахьэлIэнур къат хъерым хэгъэхъуэнымрэ кърахьэлIэ мэкъумэшхэкIхэм фIагъ яIэу дяпэкIи щытынымрэ.

Республикэм и унафэщIхэри жыджэру дыхущIэкъунущ къуажэ щIыпIэхэм зегъэужьыным, къуажэдэсхэм зэIузэпэщ гъащIэрэ тыншыгъуэрэ яIэным.

Си гуи си пси къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэбэп зыхэлъ IуэхуфIхэр фиIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Мэкъумэш хозяйствэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкIыу

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын***

**Каратлыков Расул Ражаб и къуэм** - ЛэшкIутIэ къуажэм и ветеринар IэнатIэм - «Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым» и «Ветеринарием и Iуащхьэмахуэ район центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщIым;

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын***

**Кефер Олег Эдельберт и къуэм** - жэуаплыныгъэ зэпэгъэщхьэхукIа зиIэ «Восход» обществэм и генеральнэ директорым

**Ныбэжь Сэлим Къарней и къуэм** - щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэм, мэкъумэш (фермер) хозяйствэм и Iэтащхьэм

**Тхъуэст Жыраслъэн Хьэжкэл и къуэм** - Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м*
*№111-УГ*

## ЕгъэджакIуэхэр ягъэлъапIэ

**КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпIащ «Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм илъэс блэкIахэм щытекIуа егъэджакIуэхэр. Ахэр гуапэу къригъэблэгъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.**

- ЗЭIУЩIЭР хухэтхащ егъэджакIуэхэм фи махуэм. Абы къыхэкIыуи сыхуейщ щIэщыгъуэу, купщIафIэу екIуэкIыну. 1998 гъэм щегъэжьауэ, егъэджакIуэ 23-м текIуэныгъэ къыщахьащ урысейпсо зэпеуэхэм. Ар ди республикэм и дежкIэ пщIэшхуэщ. Зэгуэр дэ псори еджакIуэу дыщытащ. Дэтхэнэми диIэщ а зэманым епха гукъэкIыж хуабэхэр, IэфIу дигу илъщ дезыгъэджахэр. Ди фIэщ мэхъу егъэджакIуэ нэсыр гурэ псэкIэ и IэщIагъэм етар зэрыарар. Нобэ ди зэIущIэм къеблэгъахэр апхуэдэщ. Фи цIэр фIыкIэ щывгъэIуащ республикэм, - захуигъэзащ Егоровэ Татьянэ егъэджакIуэхэм. Абы зэIущIэм хэтхэм ягу къигъэкIыжащ 2023 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсу ягъэувыну УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыжиIар. Егоровэм и цIэ къриIуащ мы гъэм урысейпсо зэпеуэм хэта, къэралым и егъэджакIуэ нэхъыфIу къалъыта цIыху 15-м ящыщ хъуа Къущхьэ Каринэ.

Спикерыр егъэджакIуэхэм ехъуэхъуащ я IэщIагъэм гукъыдэж къариту, я лэжьыгъэ мытыншым пщIэ иIэу лэжьэну!

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизион ЕпщыкIуэщанэ джэгугъуэ***

*«Спартак-Налшык» - «Кубань-Холдинг» (Павловскэ) Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 10. Сыхьэт 15-м*

• КъБР-м и Парламентым



# ЕгъэджакIуэхэр ягъэлъапIэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**.

- СахуогуфIэ фэ евгъаджэ цIыкIухэм, абыхэм фэркIэ тхьэр яхуэупсащ. Си гуапэщ блэкIа илъэсхэм егъэджакIуэ нэхъыфI хъуа фэ, нэгъуэщI IэнатIэкIэ фымыхъуэжауэ, егъэджэныгъэм фызэрыпэрытыр, - жиIащ абы. Зыхэт зэIущIэр къызэрызэрагъэпэщам папщIэ министрым фIыщIэ яхуищIащ Егоровэ Татьянэрэ депутатхэмрэ.

2003 гъэм республикэм егъэджакIуэ нэхъыфI щыхъуа, Налшык дэт школ №3-м инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ **Хьэщыкъуей Алим** зэIущIэм щIэсхэм ядэгуэшащ зэпеуэм епха гукъэкIыжхэмкIэ. ТекIуэныгъэр къихьа нэужь, ар Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм ирагъэблэгъами, куэдрэ щымылажьэу, фIыуэ илъагъу егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыувэжащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ 1998 гъэм «Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI» хъуа, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор **Амщокъуэ Хьэсэнбий**.

- Сэ япэу екIуэкIа зэпеуэм сыщытекIуати, адэкIэ абы хэта дэтхэнэми гурэ псэкIэ сыщIыгъуащ, текIуэныгъэ къэси сыщыгуфIыкIащ. Иджыблагъэ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа Къущхьэ Карини сыхуогуфIэ. Ар езыр Щхьэлыкъуэ щыщщ, дэ едгъэджащи, сропагэ, - къыхигъэщащ абы.

2006 гъэм егъэджакIуэхэм я зэпеуэм щытекIуа **Темукуев Адил** Урысейм егъэджэныгъэм гулъытэшхуэ зэрыхуищIыр, абы и фIыгъэкIи щIэблэ узыншэ къыдэкIуэтеину зэрыгугъэр жиIащ.

2014 гъэм зэпеуэм щытекIуа **Пышная Еленэ** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ егъэджакIуэхэм гуныкъуэгъуэ гуэрхэри зэраIэр.

- Дэ сабийхэм куэду дадэлэжьэну дыхуейщ творчествэ и лъэныкъуэкIэ, сыту жыпIэмэ абы цIыхур егъасэ. Ди зэманыр тфIэхь зэпымыууэ дызыхэт дэфтэр зэхуэхьэсыным, тхылъымпIэ къехьэкIыным. Ягъэ кIынкъым, фи дзыхь къыдэвгъэзи, ди тхылъымпIэ зэгъэззэхуэныр нэхъ мащIэ тхуэфщI, - лъэIуащ ар.

Физическэ щэнхабзэмкIэ егъэджакIуэ **Борэн ФуIэд** жиIащ республикэм зи узыншагъэм къимыхь сабий куэди зэрисыр, ахэр гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуэныкъуэр.

- Сэ цIыкIухэм садолажьэ я фэм зэрыдэхуэным хуэдизкIэ я Iэпкълъэпкъым зезгъэужьу. Ар физическэ щэнхабзэ къудейм къыщхьэщокI. Егъэлеяуэ мащIэщ а унэтIыныгъэмкIэ сабийхэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэр. Къыхузоджэ республикэм щыIэ спорт школхэм никъуэдыкъуэхэм папщIэ секцэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщэну, абыхэм гу лъатэну.

Егъэджэныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэм, щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ, «Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэм илъэс блэкIахэм щытекIуа егъэджакIуэхэу Амщокъуэ Хьэсэнбий, Куршаевэ Иринэ, Сидоровэ Татьянэ, Хьэщыкъуей Алим, Темукуев Адил, ШыдукI Ларисэ, Абазэ Эльвирэ, Машенкинэ Ольгэ, Усенкэ Евгение, Джэдгъэф Зулия, Пышная Еленэ, Къэшэж Аслъэн, Балъкъыз Мадинэ, Бетрожь КIунэ, Кочетов Олег, Мирзоевэ Наталье, Борэн ФуIэд сымэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и фIыщIэ тхылъыр хуагъэфэщащ.

ЗэIущIэр макъамэкIэ ягъэдэхащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

**2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётым хэплъа иужькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыхегъэщ илъэсым и хэхъуэхэмкIэ плану ятелъа сом мелуан 43651,1-рэ сом мелуан 21938,3-кIэ, е илъэсым и планым и процент 50,3-кIэ, гъэзэщIа зэрыхъуар, абы щыщу федеральнэ бюджетым къыхэкIа хэхъуэр хэмыту плану щыта сом мелуан 12098,1-р гъэзэщIа хъуащ сом мелуани 6109,9-кIэ е процент 50,2-кIэ. Ямыпшыныжыну къыхуагъэхьахэр процент 50,2-кIэ ягъэзэщIащ икIи сом мелуан 15828-м нэсащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэщIхэм илъэс планымкIэ зэраубзыхуам тету сом мелуан 21269,4-рэ хухахащ, е процент 45,2-рэ, абы къыхэкIыу отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу профицитыр сом мелуан 668,9-рэ хъуащ.

Ищхьэкlэ къыщыхьахэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётыр къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм фокIадэм и 30-м*
*№365-П-П*

# Хабзэр ягъэткIий

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек коронавирус узыфэм щIыналъэм зыщемыгъэубгъунымкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр щIэгъэхуэбжьауэ егъэкIуэкIыным теухуа унафэм Iэ щIидзащ

**ДэфтэрымкъыщыгъэлъэгъуащIуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм щыщу IэнатIэм емыкIуалIэу ягъэлэжьэну ягъэувауэ щыта процент 30-р 40-м нагъэсыну, илъэс 65-м щIигъухэр, тхьэмбыл, гу-лъынтхуэ, эндокриннэ узыфэхэр зиIэхэр, цIыхубз уэндэгъухэр абы хыхьэу. Абы хиубыдэркъым COVID-19-м зэрыпэщIэт вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэр. КъищынэмыщIауэ, а хабзэр яхуэгъэзакъым узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэпымыунымкIэ къалэн пыухыкIахэр зи пщэ къыдэхуэ цIыхухэмрэ. УнафэщIхэм къызэрагъэпэщыпхъэщ я лэжьакIуэхэр IэнатIэм емыкIуалIэу я пщэрылъхэр тэмэму гъэзэщIа хъуныр.**

УНАФЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэу жэщ-махуэкIэ цIыхухэр здэщыIэхэм екIуалIэхэри ягъэмэщIэнущ. Апхуэдэхэм щIэупщIакIуэ ягъэкIуэнур благъэ гъунэгъухэм ящыщу зы цIыхущ, абыи вакцинэр зэрызыхригъэлъхьамкIэ, иужьрей мазихым къриубыдэу зэрысымэджамкIэ тхылъ е узыфэр зэрыпкърымытымкIэ ПЦР-тест иIэн хуейщ. Абы узэрыкIуэнумкIэ и пэ къихуэу хъыбар ебгъэщIауэ щытын хуейуэ, зэIущIэр хьэуа къабзэм хэту щIыбым е пэш щхьэхуэм щрагъэкIуэкIыну къагъэув.

Республикэм цIыху тхущI нэхърэ нэхъыбэ зыхэт зэхыхьэхэр (къэрал IуэхущIапIэхэм къызэрагъэпэщхэр мыхъумэ) щрамыгъэкIуэкIыну ягъэува унафэм адэкIи къыпащэ. Санитар-эпидемие мардэхэр гъэзэщIапхъэщ: цIыхухэр куэду щызэхыхьэ щIыпIэхэм, IуэхущIапIэхэм ущыкIуэкIэ, жылагъуэ транспортым, таксим ущитIысхьэкIэ нэкIуIупхъуэр къэгъэсэбэпыпхъэщ, гъунэгъуу узэрызэбгъэдэмыхьэным хущIэкъупхъэщ.

Хабзэм ткIийуэ тетыпхъэщ илъэс 65-м щIигъуауэ лэжьапIэ IэнатIэ Iумытхэр, апхуэдэуи тхьэмбыл, гу-лъынтхуэ, эндокриннэ узыфэхэр зиIэ цIыхухэр (медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуейуэ, ерыскъырэ нэхъ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ къащэхуну, аптекэм кIуэну, хьэуа къабзэкIэ бэуэну унэм къыщIэкI мыхъумэ, цIыху куэд щызэхыхьэ щIыпIэхэм къыпакIухьын хуейщ).

# ЩытыкIэм егъэгузавэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэм щыжиIащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэризиубгъум ипкъ иткIэ щIыналъэм щытыкIэр зэрыщыхьэлъэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къалэн ящищIащ Iуэхур зыIутыр жылагъуэм ягурыгъэIуэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну. «Иужьрей тхьэмахуитIым къэралми ди республикэми сымаджэхэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуэр долъагъу. Сымаджэщым щIэхуэхэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ хэхъуащ, реанимацэм щIэлъхэр 100-м щIегъу. Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ къызэдгъэпэщынущ, ауэ Iэмал имыIэу узым зэрыпэщIэт вакцинэр зыхегъэлъхьэн хуейщ. Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, хущхъуэр зэзыхьэлIахэм ящыщу процентитI 2-рщ сымаджэ хъур, абыхэми узыр тыншу ящхьэщокI, нэхъыбэм нэрылъагъу нэщэнэ гуэри ямыIэу. Вакцинэм и къалэныр сымаджэхэр нэхъ мащIэ щIыным и закъуэкъым, атIэ узым илIыкIхэм я бжыгъэм кIэрыгъэхунырщ. Мастэр нэхъыбэу щызыхрагъэлъхьа щIыналъэхэм дунейм ехыжхэм я бжыгъэр фIыуэ щынэхъ мащIэщ.

Сэ сыщыгъуазэщ си хъуреягъым щыт цIыхухэм ящыщу вакцинэр зыхезымыгъэлъхьахэр сымаджэ зэрыхъуам. Вакцинэм и пкъыгъуитIри щызыхезгъэлъхьа махуэм щегъэжьауэ си лэжьыгъэр щызэпызгъэуа къэхъуакъым. ЗэкIэ узым лъэныкъуэкIэ къыспекIухь. Iэпкълъэпкъым хэт антителахэр нэхъ мащIэ хъумэ, Iэмал имыIэу зи чэзу вакцинэр зыхезгъэлъхьэнущ. Сэ сызэреплъымкIэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ си узыншагъэм и мызакъуэу, си хъуреягъым щыIэ цIыхухэм яйри схъумэу къызолъытэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ иужьрей махуэхэм узыфэм хьэлъэу игъэсымаджэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэт сымаджэхэм я бжыгъэр мини 5-м щIегъу, абы щыщу 1390-м коронавирусыр зэрапкърытыр къахутащ. Узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэр яIэщ сабий 255-м, абыхэм я нэхъыбэм унэм дохутырхэр щакIэлъоплъ. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу коронавирусыр къеуэлIауэ шэч зыхуащI цIыху 200-м нэблагъэм я узыншагъэр къапщытэ компьютер томографхэмкIэ, абыхэм я процент 60-м вирус пневмониер яIэу къахутэ дохутырхэм. Госпиталхэм гъуэлъыпIэ 1187-рэ щIэтщ, тхьэмахуитIым къриубыдэу абы щIэлъхэм я бжыгъэм процент 88,5-кIэ хэхъуащ, абы щыгъуэми лышэр я дэIэпыкъуэгъуу ягъэбауэхэр 2,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Реанимацэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэри процент 67-м нэсащ. Махуэ къэс сымаджэ нэхъ хьэлъэу, сымаджэ лъэрытету госпиталхэм щIохуэ цIыху 80-90, а бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ узыр зыпкърытхэм я бжыгъэм псынщIэу зэрыхэхъуэр.

Министрым жиIащ вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэм ящыщу сымаджэ хъухэр зэрызакъуэтIакъуэххэр икIи абыхэм узым къыхимыгъэзыхьыщэу зэращхьэщыкIыр.

Мы зэманым къриубыдэу вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэр цIыху 140 527-рэ мэхъу, къапщтэмэ, щIыналъэм щыпсэу балигъхэм я процент 32,5-м узыфэм иммунитет хуаIэщ. АрщхьэкIэ коронавирусым игъэсымаджэхэм, абы илIыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъун папщIэ, цIыху мин 320-м щIигъум узым зэрыпэщIэт хущхъуэр зрахьэлIэн хуейщ.

Республикэм мастэр щыхалъхьэ IуэхущIапIэу 82-рэ щолажьэ, урысей вакциниплIым щыщу узыхуейр къыхэпхынуи Iэмал щыIэщ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, вице-премьер Хъубий Марат, къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я тхьэмадэхэр.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Iулъхьэм ерыщу поув

**КIуэкIуэ Казбек видеоззэпыщIэныгъэ IэмалкIэ хэтащ Псыхуабэ щекIуэкIа, Шынагъуэншагъэм, Iулъхьэм пэщIэтынымрэ хабзэм тегъэтынымрэ ехьэлIа Iуэхухэр щаубзыхуа зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ округым щыIэ Чайкэ Юрий.**

ЗЭIУЩIЭМ щызэпкърахащ лъэпкъ проектхэр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэр.

Чайкэ Юрий къыхигъэщащ УФ-м и Президентым 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа «Урысей Федерацэм и зыужьыныгъэм епха къалэнхэр 2024 гъэ пщIондэ тещIыхьауэ» Унафэ №204-м ипкъ иткIэ лъэпкъ проект 12 зэрагъэбелджылар, абыхэмкIэ я мурад нэхъыщхьэр къэралым и щIэныгъэ-техникэ, социально-экономикэ Iуэхухэр егъэфIэкIуэнырщ, цIыхухэм зегъэузэщIынырщ.

- Дызэрыт щытыкIэр къэлъытауэ, бюджет ахъшэр хабзэм къемызэгъыу къэзыгъэсэбэпыну хуежьэхэм дазэрыпэщIэтыну Iэмал псори дубзыхун хуейщ, - жиIащ Чайкэ Юрий.

«ЗэIущIэм и кIэухым Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий пщэрылъ ищIащ лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэкIэ Iулъхьэ зэIэпамыхыным елэжьыну», - етх полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



# Зэрегугъум и нэщэнэу

**Дызэрыт илъэсыр къэтщтэнщи, жэпуэгъуэм и 10-р Мэкъумэш IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ. Ар, Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ ягъэуваур 1999 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ. Зытеухуар, зэрыгурыIуэгъуэщи, къуажэдэсхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынырщ, я псэукIэр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ, а лъэныкъуэмкIэ хэкIыпIэщIэхэр дяпэкIи къалъыхъуэнырщ.**

МЫ ЗЭМАНЫМ ди къэралым и щIыпIэ куэдым губгъуэ лэжьыгъэхэр и кIэм щынагъэблэгъащ, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, дунейм и щытыкIэр зэрыщыхуэмыкIуэм къыхэкIыу, ахэр, зэрыщыту къатщтэмэ, нэхъ кIасэущ щызэфIэкIынур. АтIэми, илъэс псом къэрикIуахэр щызэхалъхьэжыну пIалъэр зымащIэ гуэркIэ ягъэIэпхъуэн хуей мэхъу.

Арщхьэк Iэ, КъБР-м и гъавэгъэкIхэм, Iэщыхъуэхэм, мэкъумэш-промышленнэ комплексым и адрей IэнатIэхэм пэрытхэм яхузэфIэкIахэм пэублэу дриплъэжмэ, дызэрыгушхуэ хъун лэжьыгъэ ирахьэкIауи жытIэ хъунущ. Хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми къэкIыгъэ пасэхэмрэ хьэщэпэщмрэ кIэрыхуншэу щызэщIакъуэжащ, кърахьэлIэжар хъумапIэхэм щIагъэзэгъащ. Абы къыдэкIуэуи, дунейм зыкъызэриIэтыжу, республикэм и губгъуэхэм етIуанэ хэгъуэми щыпащэнущ.

Мыдрейуэ къыхэгъэщыпхъэр араши, 2013 - 2025 гъэхэм ятегъэпсыхьа Къэрал программэр, мэкъумэш IэнатIэм зегъэужыным, мэкъумэшхэкIхэм, ерыскъыпхъэхэм я щэн-къэщэхуныр зэкIэлъыгъэкIуэным тещIыхьар, зэгъэхъулIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэми я зэфIэкI ирахьэлIэ. КъыдэгъэхуэныIм, IэнатIэхэр егъэфIэкIуэным тещIыхьа иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыным, зи къабзагъэкIэ нэгъуэщIхэм ящхьэпрыкIыж ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыным, лIэужьыгъуэщIэу къыхащIыкIхэр нэхъыбэ щIыным, щэхуакIуэхэр нэхъри къыдэхьэхыным Iуэхум егъэщIылIа псори зэдогугъу, жытIэми, дыщыуэну къыщIэкIынукъым. Ауэ щыхъукIи, республикэм и мэкъумэш IэнатIэм хузэхалъхьауэ щыта инвестицэ проект инхэр яхуэгъэпсащ пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI хъумапIэхэр ухуэным, жэм гъэшыфIэхэр зехьэным, нэгъуэщI абы хуэдэхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIхэмрэ гъэкIынымкIэ и зэфIэкIыр дызыгъэгуфIэщ. Абы и щапхъэщ республикэм гектар мин 18-м щIигъум илъэс къэдкIэ къызыпкIэну жыгхэм зэрызыщIрагъэубгъуари, абыхэм я зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэр псынщIэу зызыужь лъэпкъыгъуэу зэрыщытри. Ди гъавэгъэкIхэми мы гъэми къагъэлъэгъуащ зыбгъэдэт IэнатIэм и мыхьэнэр нэгъэсауэ зэрызыхащIэр, лэжьыгъэм къыпэкIуэну зыщыгугъымкIэ жэуаптакIуэ нэсу зэрыщытыр. АбыкIэ щыхьэтщ хьэщэпэщу къагъэкIар кIэрыхуншэу зэрыIуахыжари.

Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыIэ «Албир» мэкъумэш IуэхущапIэр IэнатIэ куэдым йолэжь: гъавэ ещIэ, жыг хадэ зэрехьэ, Iэщрэ джэдкъазрэ егъэхъу. Жылапхъэ хэплъыхьахэр къэгъэкIыным тегушхуауэ ди республикэм щымащIэхэкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ Прохладнэ щIыналъэм щыIэ «Отбор», Тэрч районым ит «Астек-Агро» инновацэ-производствэ агрофирмэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ хъупIэхэм даху Iэщым я бжыгъэми иужьрей илъэсхэм хэтщIыкIыу хэхъуащ. Къатщтэмэ, мы гъэм и хуабэгъуэм Аурсэнтх, Хьэмащэ, Шэрэдж бгылъэ щIыпIэхэм щаIыгъа Iэщышхуэм я бжыгъэр мин 40-м щхьэдэхащ, Iэщ цIыкIур мини 100-м нызэрыхьэсащ, шыхэр мин 7-м нэблэгъащ. Езы Iэщыхъуэхэм я бжыгъэр, псори зэхэту, 1200-м щIегъу.

Ди деж щрагъэхъуэ нарзыныпсхэр, псыIэфIхэр, пхъэщхьэмыщхьэпсхэр, ягъэхьэзыр фIэIугъэхэмрэ гъэшхэкIхэмрэ Европэми Урысейми щызекIуэ пщалъэхэм зымащIэкIи къакIэрыхуркъым. Абы и щыхьэтщ Москва жэпуэгъуэм и 4 - 8-хэм щекIуэкIа «Бжьыхьэ дыщафэ» урысейпсо мэкъумэшпромышленнэ выставкэм ди лIыкIуэхэм щагъэлъэгъуа ерыскъыхэкIхэм щIэупщIэ ин зэраIари.

Республикэм МэкъумэшIэнатIэмкIэ и министерствэм фокIадэм и 24-м ирихьэлIэу хъыбар зэрызэбгригъэхамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыт илъэсым къриубыдэу гектар мин 281,8-м щытраса гъавэм щыщу, гуэдзыр гектар мин 54,9-м щыIуахыжащ (планым и проценти 100-р). Къытрахам, псори зэхэту, тонн мини 185,8-рэ и хьэлъагъщ (гектарым хуэзэу центнер 33,8-рэ). Нарт гъавэр гектар мини 10,4-м (щIыуэ ирагъэубыдам и проценти 7,5-м) щызэщIакъуэжащи, къыдачыжам тонн мин 68,9-рэ и хьэлъагъщ (гектарым хуэзэу центнер 66,5-рэ). Хьэр щыIуахыжа гектар мин 22,6-м тонн мин 74,8-рэ зи хьэлъагъ гъавэ къытрахащ (гектарым хуэзэу центнер 33,1-рэ).

КъризэщIэткъуэжу къыхэдгъэщынщи, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу, гъэшу, лыуэ къыщалэжьым хэгъэхъуэным, IэнатIэхэр щегъэфIэкIуэным, адрейхэм япэхъу, уеблэмэ ефIэкI ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыным, я лIэужьыгъуэхэм хэгъэхъуэным, щэхуакIуэхэр къыдэхьэхыным гулъытэ хэха ди республикэм щыхуащI.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Зауэр щиухыр гъыбзэ щыхуамыусыжырщ

**Адыгэ къуажэхэм дэлъ фIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы дэс нэхъыжьыфIхэр. Ахэр зыщIэс унэм къыщыхъу щIэблэр нэхъ лъэ быдэкIэ щыту къотэдж. Ахэращ унагъуэм, лъэпкъым я унафэр зыIэщIэльри, хэкIыпIэм я нэхъыфIымрэ пэжымрэ къэзыгъуэтыфри.**



ТЭРЧ щIыналъэм хыхьэ ХьэпцIей къуажэм щыщ гуэрым сытетхыхьыну (езыр дунейм ехыжат) а жылэм сыщыкIуэм, абы и ныбжьэгъуу, цIыхугъэу щытахэм сыхуагъэзэну мурад ящIащ. Япэу зи унэ срагъэблэгъари ГъукIэпщ Раещ.

ЦIыху щыIэкъэ, занщIэу уигу кIэрыпщIэу, моуэ узэрыIуплъэу хуабагъэ-гуапагъэ гуэрым узэщIишхэрэ зыщумыгъэнщIу убгъэдэсу? Рае апхуэдэт! Псом хуэмыдэу абы и адыгэбзэ дахэмрэ и Iумахуагъымрэ сатхьэкъуат. Рае и нэхъыжь къалэнхэр къанэ щымыIэу зэригъэзащIэр шэч къызытумыхьэнт.

СыщIэкIуам теухуауэ гупсэхуу къызэпсэлъа иужькIэ, сэ гу лъыстащ Рае зыгуэрым зэригъэпIейтейм. ИкIи сыщыуатэкъым. «УпIащIэрэ?» - щыжиIэм, сызэрыпIащIэмкIи зысхуэумысакъым (иджыри къэзгъэгугъауэ зыгуэрхэр къызэжьэрт, ауэ ахэр Рае нэхърэ фIыуэ нэхъыщIэти, ягъэ езгъэкIакъым).

Нанэ Рае заулкIэ хэплъэу щысри, и гукъэкIыж чысэм и щхьэр итIэтащ.

- Зауэм и щIопщ зытехуахэм сэри сащыщщ. Си ныбжьыр илъэс 84-рэ мэхъу, куэд си нэгу щIэкIащ, ауэ си гукъеуэ нэхъыщхьэхэм хызобжэ си адэм и кIуэдыкIар зэрызмыщIэр. Си адэ Щокъал Былу зауэм ипэ лъэхъэнэм къуажэм пщIэрэ щхьэрэ иIэу, унагъуэ дахэу дэсащ, - абыкIэ Рае къригъэжьащ къехьэлъэкIыу къыщыхъу псалъэмакъыр. - 1941 гъэм, ди къэралым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщытеуам, и пщIэнтIэпскIэ лажьэу губгъуэм итт, колхозым хэлэжьыхьырт. Унагъуэ дахэ иухуауэ бынищ иIэт, епIанэр губгъэм къытехьэн хуейуэ ежьэрт.

Сабий еплIанэр, щIалэ цIыкIур, къызэралъхурэ махуибл щрикъум, повесткэ къыхуахьри, дашауэ щытащ. Абы щIыгъуащ и къуажэгъухэу Берычэт Хьэжымырзэ, Абазэ Сыхь, Щоджэн Индэрбий сымэ. Псэууэ къэзыгъэзэжар Индэрбий и закъуэщ.

Бынунэр къызэхинэу зауэ мафIэм хыхьэ лIырзэ къызэпэлъэкIыжщ, и къуэш закъуэм зыхуигъазэри: «Мыхьэмэт, сыздэкIуэм къыщыспэплъэр зыми ищIэркъым. Къэзмыгъэзэжмэ, си щхьэгъусэмрэ си быниплIымрэ уи анэмэтщ. ЯмыIэIамэ, къапэIэбэ, хамэм йомыгъэлъэIу», - къыжриIат.

А лъэхъэнэм Мыхьэмэт къишагъащIэт, иджыри бын зэдамыгъуэтауэ. Шы нэхъыжьыр зэрыдашрэ куэд дэмыкIыу езыми повесткэ къыхуэкIуэри, ежьащ. Арати, абы и щхьэгъусэри и къуэшым и бынунэри я закъуэ дыдэу утыкум къинат. НысащIэр тIэкIурэ дэсри, лэгъунэ нэщIым щIэмысыфу и дыщ кIуэжащ.

Былу и щхьэгъусэ КIулалэ (Дзэгъащтэхэ япхъущ) бын еплIанэ зэригъуэтам къаруунщэ ищIами, псори езым къызэрыщыгугъыр илъагъурти, и бгыр щIикъузэри... нэхъ къэжэпхъахэр зыдигъэIэпыкъуурэ, зэман хьэлъэм пэщIэуващ, езым куэд куэдым ещхьу, щымэжэлIаи щIыIым щигъэгузэваи къыхуихуащ.

Сэ куэд щIауэ гу лъыстащ зауэ зылъэгъуа цIыхухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ абы зэмыщхьу зэрытепсэлъыхьым. Цыхухэм ар я лыгъэ щIапIэмэ, бзылъхугъэм я нэхъыбэр зытепсэлъыхьыр нэбэрэ бынкIэ ялъэгъуа гузэвэгъуэрщ, гуауэрщ.

- ЗауэфI щыIэкъым, - жеIэ Рае, и гукъэкIыжхэм кърагъэкIуа нэпсхэр тригъэсабырэну хэту. - СысабийуэирихьэлIами, сэ слъэгъуа зауэр нэпскIэ, лъыпскIэ, мэжэщIалIагъэкIэ, ныбаджагъэкIэ, тхьэмыщкIагъэкIэ гъэнщIат. Нэмыцэхэр къуажэм дэсыху, ди фэм ираха куэдейм фIэкIа дымылъэгъуами, ирикъунт. СытIысу сытэджыху, апхуэдэ дяпэкIэ къэмыхъужыну Тхьэм солъэIу.

Рае и адэр Тэрч къалэ военкоматым деж Iуашри, КъалэкIыхьым щыщтащ. Абы щыIэу и щхьэгъусэм къыхуиIуэхуат кIуэуэ илъагъужыну. Бзылъхугъэр темыпыIэу, пIащIэу гъуэмылэ гуэрхэр зэригъэпэщщ, сабийхэр гъунэгъум къыхуигъанэри, ежьащ. И насыпти, и закъуэтэкъым, абы гъусэ къыхуэхъуат зи щхьэгъусэр а станцым тес цIыхубз зыбжанэ. Май къалэм нэс лъэсу кIуауэ, гум исуэ урысылI гуэр къахуэзэри, я Iуэху зытетыр щыжраIэм, фIэгуэныхь хъуагъэнщ, а лъэныкъуэмкIэ кIуэрти, здэкIуэм нэс нигъэсащ. ЗдэкIуам хъумакIуэр къапежьэри, сыхьэт ныкъуэ хуэдиз и пэкIэ лIы 50-м нэбла гъэ станцым зэрытрашар къажриIащ. Бзылъхугъэхэм я щхьэгъусэхэр абыхэм яхэту къыщIэкIащ. Сыт ящIэнт? Яхьа гъуэмылэр хъумакIуэм иратри, щхьэж и нэ-

сыпыр щэхуу игъеижу къыIуагъэзэыкIыжащ.

Зэман дэкIри, Былу и письмо унагъуэм къаIэрыхьащ. Абы зэритымкIэ, ар Тэн (Дон) деж щекIуэкI зауэм хэтт. ИужькIэ Щокъалыр хъыбарыншэу кIуэдащ. Зауэр екIуэкIыхуи, ар иуха нэужьи абы и унагъуэр хъыбар кIапэ куэдрэ ежьащ. Иужьым, КIулалэ къуажэ Советым ираджэри, и щхьэгъусэм и хъыбар зэрыщымыIэр къыжраIащ, абы и къуэш (КIулалэ и пщыкъу) Мыхьэмэт зэраукIам и щыхьэт тхылъыр къыIэщIалъхьащ. Мыхьэмэт и щхьэгъусэ цIыкIур кърагъэшэжри хьэдагъэ ящIащ, зэрахузэфIэкIкIи хьэдэIус тIэкIуи хуагуэшащ.

ИужькIэ, илъэс дэкIыжауэ, Мыхьэмэт зэрыпсэур къыжриIэу, и шыпхъу Быцэ къыхуотхэ. Берлин дэст, и дэфтэрхэр хьэзыр хъумэ, къэкIуэжыну ежьэу. Шэч хэмылъу, ар унагъуэм дежкIэ гуфIэгъуэшхуэт. Ауэ иджыри илъэситIкIэ къэкIуэжыфакъым.

Мыхьэмэт и Iуэхур къызэрекIуэкIари гъэщIэгъуэнщ. 1945 гъэм, Берлин нэса советыдзэм хэту, мэз лъапэ гуэрым деж щыту топышэ къауэри, нэгъуэщI лIитI и гъусэу, кумбым иридзащ, я гущIыIум щIы трикIутэжу. Абыхэм гу къылъамытэу дзэр адэкIэ кIуатэри, тхьэмыщкIагъэ къызыщыщIа лIищыр гурыму мащэм къинауэ нэмыцэ гуп къарихьэлIэри, яфIэгуэныхь хъуагъэнщ, къыщIатIыкIыжри, я гугъуи къамыщIу ежьэжат. Куэд дэмыкIыу аргуэру нэмыцэ гуп къахуэзэри, абыхэм гъэр ящIащ, нэмыцэIуэм ирадзащ. Мыхьэмэт а хьэпсым щилъэгъуа тхьэмыщкIагъэмрэ гугъуехьымрэ я хъыбар куэд Рае ещIэж.

Зауэр иуха иужькIэ, ахэр советыдзэм хэту Берлин дэт штабым яшэри, я документхэр хуэзэгъэпэщыну къагъэгугъащ, ауэ ар хьэзыр хъуху, къалэ гъунэм къыщызэрагъэпэща лагерым щагъэIащ. Рае зэрыжиIэжымкIэ, абы щыщыIам Мыхьэмэт посылкэ куэд къахуиутIыпщу щытащ, япэу школым зэрыкIуа щыгъынхэр къанэ щымыIэу и адэ къуэшым къыхуигъэхьа защIэт.

Сытми, псори зэхуэхъуу Мыхьэмэт унэм къетIысылIэжа иужькIэ, и щхьэгъусэ цIыкIури къишэжри, бынитI зэдагъуэтыжащ.

Рае и гугъэкIыжхэм къытригъэзэжурэ фIыщIэ щыхуещI и адэ къуэшым и щхьэгъусэ Хужь (Къарэжьэ япхъущ). Абы сыт хуэдэ гугъуехьри къадигуэшу, я анэ етIуанэм хуэдэу къазэрыщхьэщытари къыхегъэщ. А зэщхьэгъусэхэм быныфI къащIэнахэми къытхутепсэлъыхьащ нанэ Iумахуэр.

Зауэ нэужь илъэсхэм къэралыр, жылэр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ Раи абы и анэкъилъхухэри. Къуажэдэсхэр щыгъуазэщ абыхэм колхозым къарууэ халъхьар зихуэдизым.

ГъукIэпщ Рае нобэ зыдэс жьантIэр зыгъэбжьыфIэ нэхъыжьыфIщ. Ар унагъуэм, хьэблэм, къуажэм пщIэшхуэ щызиIэ нанэ Iумахуэщ.

ГъащIэ щыхъукIэ, цIыхум и нэгу куэд щIокI, ауэ зи ныбжь хэкIуэтам и гум къинэр къызэрымыкIуэу зыщыгуфIыкIа е и гум хыхьэу зыгъэнэщхъея гуэрщ. Рае щыпсалъэкIэ, сыт щыгъуи и гущIыIу къыфIэкIуэр хъыбарыншэу кIуэда и адэм и Iуэхурщ. Абы и хъыбар и бынхэмрэ къатепщIыкIыжа цIыкIухэмрэ яжриIэ зэпытщ. Хэт ищIэрэ?..

Зауэм и кIэр хьэдагъэщ, жаIэ. А хьэдагъэр илъэс дапщэкIэ екIуэкIми зыщIэр абы зи благъэIыхьлы хэкIуэдахэрщ... Зауэр щиухыр фоч гъауэ макъ къыщымыIужракъым, атIэ гъыбзэ щыхуамыусыжырщ. Къремыхъуж апхуэдэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Ди къуэш республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 ирокъу ●

# Адыгейр фIыуэ уэзыгъэлъагъур

АДЫГЭ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъур Iэтауэ мы тхьэмахуэм ягъэлъэпIащ ди къуэшхэм. Абы и тхыдэ напэкIуэцIхэм уриплъэжмэ, 1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м ВЦИК-м и Президиумым Унафэ къыдигъэкIауэ щытащ Шэрджэс (Адыгей) автоном область зэраухуэмкIэ. И цIэр 1922 гъэм шыщхьэуIум и 24-м Адыгей (Шэрджэс) автоном областу зэрахъуэкIат. 1937 гъэм щегъэжьауэ Адыгей автоном областыр Краснодар крайм хагъэхьащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Адыгейр къэрал-лъэпкъ щIыналъэхэм ящыщу блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ирихьэлIэу япэ дыдэу щIэныгъэншагъэр зыгъэкIуэдахэм язщ, колхозхэр къызэгъэпэщынымкIи япэ итащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм областым и цIыху мин 80 ди щхьэхуитыныгъэр яхъумэну фронтым Iухьащ. «Совет Союзым и ЛIыхъуэжь» цIэр къыфIащащ Адыгейм щыщу цIыху 52-м, абыхэм ящыщу 7-р адыгэт.

Адыгэ хэгъэгум и гуащIэрыпсэухэм зэи я гъунэгъухэм зыкъыкIэрагъэхуакъым, сытым дежи зыужьыныгъэ гъуэгум тетт, зауэ нэужь лъэхъэнэми экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэфIэгъэувэжыным, псэукIэр егъэфIэкIуэным жыджэру телэжьащ. Абы щыгъуэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Адыгейм Лениным и орденыр (1957 гъэ), Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и орденыр (1972 гъэ) къыхуагъэфэщащ.

1990 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м Адыгей областым и Советым и цIыхубэ депутатхэм тхыдэ мыхьэнэ зиIа сессие ирагъэкIуэкIауэ щытащ, автоном областыр РСФСР-м хэгъэгу щхьэхуэу хэгъэхьэнымкIэ. Жэщ хъуху екIуэкIа зэIущIэм и кIэухым утыку кърахьауэ щытащ РСФСР-м Адыгей Автоном Советскэ Социалистическэ Республикэ зэриIэмкIэ. Абы папщIэ депутат 63-м арэзыуэ Iэ яIэтат, 43-р арэзытэкъым, 2-р гуитIщхьитIт.

Адыгейр хэгъэгу щхьэхуэу Урысей Федерацэм хэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ РСФСР-м и цIыхубэ депутатхэм я II съездым. Ар 1990 гъэм екIуэкIащ икIи «РСФСР-м и къэрал суверенитетым и декларацэр» и тегъэщIапIэу РСФСР-м и Конституцэм и 71-нэ, 82-нэ, 84-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. А зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, Урысейм и автономнэ областхэр крайхэм къыIахыжри, Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэ хъуащ. Ар конституцэкIэ щIагъэбыдащ 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м.

Адыгэ Республикэ щхьэхуэ зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Краснодар крайм и губернатор Кондратенкэ Николай а Iуэхур къазэрыдиIыгъами. Урысей Федерацэм и хэгъэгущIэм и Iэтащхьэ Джарым Аслъэн и гъусэу абыхэм утыку кърахьат иужькIэ зэIэпах хъуа псалъафэр: «Уходя, остаемся!». Ноби а къыхуеджэныгъэм щIэтщ хэгъэгухэр.

ИужькIэ, 1991 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м, Адыгей ССР-м къэрал суверенитетым и Декларацэр къищтащ. Къэралым и Президент Ельцин Борис 1991 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м Iэ щIидзащ «Адыгей Автоном областыр РСФСР-м хэт Адыгей Совет Социалистическэ Республикэ зэращIам теухуауэ» РСФСР-м и Унафэм. Абы къыщыхьат щIэуэ зэрагъэпэща щIыналъэм Адыгейм ис лъэпкъ псоми хуитыныгъэ щаIэу, цIыхум и хуитыныгъэр хъумэныр япэ ирагъэщу зэрыщытынур.

Абы къыкIэлъыкIуэу унафэ тращIыхьащ Урысейм и хэгъэгущIэм хабзэ къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэр иIэн зэрыхуеймкIэ. ИкIи РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэкIэ ар хуит ящIащ и щIыналъэм и тхыдэм щыяпэ Парламент къызэригъэпэщыну, депутати 100 хэту.

Адыгей автоном областыр УФ-м хыхьэ Адыгэ Республикэ зэращIрэ блэкIа илъэс 30-м къигъэлъэгъуащ ипэкIэ яча лъэбакъуэхэр пэжу къызэрыщIэкIар, Кавказым ис лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм заужьынымкIэ ар сэбэпышхуэ зэрыхъуар. 2022 гъэм Адыгейм и илъэси 100-р Iэтауэ игъэлъэпIэнущ, блэкIам фIыщIэ хуищIрэ къэкIуэнум дахэкIэ хуэхъуапсэу.



**Адыгейм и Iэтащхьэу щытахэу КъумпIыл Мурат, Джарым Аслъэн, Щэумэн Хьэзрэт, ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий сымэ.**

## Лъэпкъыр къызэщIекъуэ

ЩХЬЭХУЭУ къытеувыIапхъэщ автономием къыкIэлъыкIуэу республикэ хъуа щIыналъэм адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIам. Кавказ зауэжьым иужькIэ, 1897 гъэм ирагъэкIуэкIауэ щыта къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Кубань и Iэгъуэблагъэм иса ди лъэпкъэгъухэр абы щыпсэу цIыхухэм я проценти 2 къудей хъууэ арат. ЦIыху мини 192-рэ исти, абы щыщу мин 30-рат адыгэр. А бжыгъэм хэтт Щхьэщэхуж щыпсэухэри, хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэри. Иджыпсту республикэм адыгэ мин 27-рэ исщ. Автономием лъэпкъыр нэхъ зэщIикъуащ. Хьэхъурэт Щыхьынджэрий хэкум пашэ хуэхъуат абы щыгъуэм. Республикэр щIыналъэ щхьэхуиту зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт экономикэмрэ щэнхабзэмрэ къэIэтыным. Арауэ жыпIэ хъунущ щIыналъэр зыгъэбыдар.

Къэралыгъуэ зэрыхъуам и нэщэнэ ныпыр, гербыр, гимныр къащтащ. Зэманыр зэрыхьзэрийуэ, зэпэщIэувэныгъэхэр щыкуэду щытами, ди лъэпкъэгъухэм яхузэфIэкIащ я адыгэ лъэпкъым и ныпыр къэрал ныпу кърагъэщтэн. Абы папщIэ Адыгейм и лIыкIуэхэр Санкт-Петербург щыIэ геральдикэ комиссэм ягъэкIуауэ щытащ. Лъэпкъ ныпым и теплъэри пхъуэж зэрымыхъунур щрагъэдащ абы. НэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIауэ республикэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэри хъума хъуным и нэщэнэу, Джарым Аслъэн къыхилъхьэри, ди лъэпкъ бэракъыр Адыгейм и къэрал IуэхущIапIэ псоми фIадзащ. Илъэси 160-рэ зи ныбжь лъэпкъ ныпыр нобэ къэрал мыхьэнэ зиIэ хъуащ. ИужькIэ зэныкъуэкъуи къиини къыхэмыкIыу гербымрэ гимнымрэ къащтащ.

Адыгэ Республикэм и япэ президенту щыта Джарым Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, адыгейм езым къэралыгъуэ гъэпсыкIэ иIэ зэрыхъуам куэд къаритащ, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, а зэманым мыхьэнэшхуэ зиIа мэкъумэшым, экономикэм, щэнхабзэм, нэгъуэщIхэми зрагъэужьынымкIэ автономием и фIыгъуэшхуэ къекIащ.

«Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэу Совет Союзыр субъект куэду зэхэтащ. Адрей лъэпкъхэми хуэдэу, 1922 гъэм Адыгейми езым и автономие иIэ хъуащ. Ар къыддэмыхъуауэ щытамэ, дыхэшыпсыхьыжынри зыхуэIуа щыIэтэкъым. Абы къыдэкIуащ еджапIэхэр, япэ газетыр, нэгъуэщI куэди. Республикэм къэралыгъуэ къулыкъухэр щыIэ хъуащ, псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зиужьащ, жылэхэм газыр нэсащ, гъуэгухэр яухуащ, ди лъахэм къыщыщIагъэкIхэм заубгъуащ, щэнхабзэм, туризмэм, спортым хэпщIыкIыу зиужьащ.

Илъэс 30-м Адыгейм зэхъуэкIыныгъэу иIар мащIэкъым, иджыри а Iуэхур ягъэкIуатэ къэрал къулыкъу пэрытхэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэу щытари, иджыпсту щытри мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, лъэпкъыу хэгъэгум исхэр зэхуэфIыныр, зэкъуэш республикэхэм я зэпыщIэныгъэр мыгъэкIуэдыныр ращ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм ди зэкъуэшыныгъэр ди лъэмыжыу сыт щыгъуи дадэлэжьащ. Абыхэм я Iэтащхьэхэмрэ сэрэ зэныбжьэгъугъэ ди зэхуаку дэлъу дыкъызэдэгъуэгурыкIуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ зыхуэбгъэдэн къулыкъущIэ щыIэтэкъым, цIыхушхуэт ар. Ар Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и тхьэмадэм и къуэдзэуи лэжьащ. Пасэу дунейм зэрехыжам сигу хегъэщI, сэ нэхърэ нэхъыщIэт, ныбжьэгъугъэр зыгъэпэж, къэрал къулыкъур зыхуэфащэ цIыху лъэрызехьэт. Дэ сыт щыгъуи дыхущIэкъуащ зэкъуэш республикищыр быдэу зэпхауэ зэдэлэжьэным, зэкIэлъыкIуэным.

Сызэрыгушхуэхэм ящыщу къыхэзгъэщынущ ди лъэпкъэгъухэр Косовэ къитшыжауэ зэрыщытар. А лъэхъэнэм апхуэдэ Iуэху зэфIэпхыныр, зауэ щекIуэкI къэралым цIыхухэр къипшу нэгъуэщI къэрал бгъэIэпхъуэныр Iуэхушхуэт, зэи къэмыхъуауэ ди къэралым къытхуищIат апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ, ди къуэшхэр ди республикэм къыдигъэшэжат. Къытхыхьэжа ди лъэпкъэгъухэр куэд щIащ тщыщ зэрыхъужрэ, ахэр республикэм и зыужьыныгъэм хуолажьэ, дахэу мэпсэу», - жеIэ Джарым Аслъэн.



## Зэманым декIуу зеужь

РЕСПУБЛИКЭМ зэманым декIуу зэрызиужьым я фIыгъэшхуэ хэлъщ илъэс зэхуэмыдэхэм абы и унафэщIу щытахэу Джарым Аслъэн (1992 - 2002), Щэумэн Хьэзрэт (2002 - 2007), ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий (2007 - 2017), 2017 гъэ лъандэрэ Iэтащхьэ къулыкъум пэрыт КъумпIыл Мурат сымэ.

Урысейм къыщрахьэжьэ Iуэхухэр нобэ республикэм жану щызэфIах, бгъэдэлъ беягъхэмкIэ къэралым щынэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и нэIэ тетщ экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэр зыгъэпIейтейхэр зэфIэхыным, абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным теухуауэ щыIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпыным. А псори цIыхубэм зэхащIыкIыу, зэгурыIуэзэдэIуэжу, ефIакIуэ зэпыту мэпсэу илъэси 100-м нэблагъэ гъуэгуанэ зи щIыбагъ къыдэлъ Республикэр.

ПсэукIэм ехьэлIа Iуэхур псом япэ ирегъэщ УнафэщIым, сыт хуэдэ Iэмал щыIэми къегъэсэбэп, нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я гуныкъуэгъуэхэр елъагъу, жаIэхэр зэхех, къыхуатххэм йоджэри, ар и лэжьыгъэм щыщ мэхъу. Министерствэхэм къалэн щхьэхуэу яхуегъэув федеральнэ къулыкъущIапIэхэм жыджэру дэлэжьэнхэу, сэбэпынагъ куэд къахуэзыхь лъэпкъ проектхэр, къэрал, республикэ программэхэр и чэзум зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъуным быдэу кIэлъоплъ.

ЭкономикэмкIэ республикэм и Iуэхур нэхъыфI хъу зэпытщ. 2020 гъэм Адыгейм и бюджет зэхэлъым и хэхъуэр сом мелард 35-рэ мелуан 309-м нэсащ, ипэ илъэсым ебгъапщэмэ, ар процент 25-кIэ нэхъыбэщ. Налогыр сом мелард 36-рэ мэхъу. Республикэ бюджетым и хэхъуэр процент 28-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом мелард 31,2-м щIегъу. БлэкIа илъэсым ягъэзэщIа къэрал программэ 22-м сом мелард 31,3-рэ трагъэкIуэдащ. Абы щыщу сом мелард 16,1-м нэсыр республикэ бюджетым щыщщ. Лъэпкъ проекту сом меларди 4,5-рэ и уасэ ягъэзэщIащ.

Урысейм и Президент Путин Владимир и нэIэ нэхъ зытригъэтхэм ящыщщ сабий зэрыс унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр. Абы и лъэныкъуэкIи Адыгейм Iуэхушхуэхэр щызэфIагъэкI. БлэкIа илъэсым балигъ ныбжьым нэмыса ныбжьыщIэ 93540-м сом меларди 2-рэ мелуан 97-рэ трагуэшащ. Мы илъэсми а Iуэхум къыпащэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, гъэ еджэгъуэщIэм щыщIидзэжым, адрей хэгъэгухэми ещхьу, АР-м и ныбжьыщIэу еджэн щIэзыдзэжххэм сом мини 10 зырыз иратащ.

БлэкIа илъэс закъуэм псэукIэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIэхыным республикэм сом меларди 4-рэ мелуани 165-рэ тригъэкIуэдащ. Абы ипэ ита илъэсым еплъытмэ, ар хуэдитIкIэ нэхъыбэщ. Адыгейм федеральнэ мылъкуу къыхэхъуэр къызэригъэсэбэпыр щапхъэ зытехыпхъэхэм ящыщу зэрыщытыр мызэ-мытIэу жаIащ къэрал унафэщIхэм. Абы лэжьыгъэ IуэхукIэ къакIуэхэм зрагъэлъэгъуащ хэгъэгум и зыужьыныгъэр.

Адыгейм и псэукIэр зэрефIакIуэм, зэрызиужьым абы щыпсэухэми хьэщIэу еблагъэхэми гу лъатэ. Я гъуэгухэр, жылагъуэ щIыпIэхэр дахэу зэрагъэпэщ, спортым, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным ехьэлIа IуэхущIапIэхэр къызэIуах, цIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьыну щIыпIэхэр и куэдщ, сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри Мейкъуапэ щыбгъуэтынущ, щIыналъэхэмрэ жылэхэмри еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр къыщызэIуах. А псор и щыхьэтщ Урысейм и Ипщэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм ящыщу зыужьыныгъэмкIэ Адыгейр япэ зэритым.

Абы къегъэлъагъуэ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ папщIэ и псэ емыблэжу и къулыкъум зэрыпэрытыр. Абы жиIащ Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ, республикэм щыпсэухэм я къарумрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я фIыгъэкIэ хэгъэгур зэпIэзэрыт зыужьыныгъэ гъуэгу дахэм зэрытетыр.

- Къэралым и зы Iыхьэу дыщыткIэрэ, псоми ди зэхуэдэ къалэнхэр и чэзум зэрыдгъэзэщIэным иужь дитщ, Урысейм, Адыгейм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр япэ идгъэщу долажьэ. А псом хъеру къыпэкIуэр долъагъу, ди цIыхухэм я псэукIэр йофIакIуэ, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдымкIэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрыдогъэхьэ, хэгъэгум ис лъэпкъхэм я хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр хъума зэрыхъуным гулъытэ хэха худощI.

Сэ си фIэщ мэхъу укъыщалъхуа хэкур фIыуэ плъагъумэ, укъызыхэкIа лъэпкъым ухуэпэжмэ, уи бзэр, хабзэр, тхыдэр пщIэжмэ, ар мамырыгъэм, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэм лъабжьэ быдэ зэрыхуэхъунур, а псори Адыгэ Республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъунур, - щыжиIащ КъумпIыл Мурат инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым.

Нобэ Адыгейр дуней псом къыщацIыху лъахэ дахэщ. Абы и щIыуэпсыр, бгылъэ щIыпIэхэр, псыкъелъэхэмрэ ежэххэмрэ зэ зылъэгъуауэ димыхьэха щыIэу къыщIэкIынкъым. Адыгэ къафэмрэ макъамэмрэ, утыку ит къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъуж «Налмэсымрэ» «Ислъэмеймрэ», IэпэIэсэу, зэчиифIэу, щIэныгъэлIу, тхакIуэу, сурэтыщIу ис цIыху цIэрыIуэхэр уи нэгу къыщыщIыхьэкIэ узэрыадыгэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ кхъуейр, ар зыдэлъ хьэлывэ IэфIыр дэтхэнэ туристми гурыхь щохъу. ФIыгъуэ куэд щыгъэпщкIуа Iуащхьэхэмрэ щэху зыкъом зыхъумэ испы унэхэмрэ зыплъыхьакIуэ куэдым я нэ къыхуокI. Ахэращ нобэ Адыгейр къозыгъэцIыхур, абы и цIыхухэращ Адыгейр фIыуэ уэзыгъэлъагъур. Ди къуэш республикэм дохъуэхъу Урысейми дуней псоми и пщIэр къыщалъытэу, зиужь зэпыту иджыри бэрэ щыIэну!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*

Фэеплъ

# Лъэужь щхьэпэ гъащIэм къыхэзына

**Нобэ, псэужамэ, илъэс 80 ирикъунут зэман кIыхькIэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа, и гуащIэдэкI инымрэ зэфIэкI лъагэмрэ хуэфащэу «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр зыфIаща Дэбагъуэ Мухьэмэд.**

МУХЬЭМЭД къыщалъхуа Жьакуэ къуажэм (нэхъ пасэм Къубатейуэ, 1865 - 1927 гъэхэм Алъэсчырейуэ щыта жылэр 1822 гъэм Къэбэрдейм икIыу Инжыдж псыхъуэ Iэпхъуахэм ящыщщ) и мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм фIыуэ къыщацIыху журналисту, тхакIуэу, драматург гъуэзэджэу щытащ. Ноби абы и тхыгъэхэм ящыщ хэтщ курыт еджапIэхэм я программэм, и пьесэхэр щагъэув Шэрджэс къэрал драмэ театрым. Лъэужь щхьэпэ къыхинащ Мухьэмэд ди гъащIэм.

Илэжьа Iуэхушхуэхэм я мызакъуэу, ар ди гум IэфIу къизыгъэнар цIыхуфIу, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу, цIыхугъэм, ныбжьэгъугъэм хуэпэжу зэрыщытарщ. ЗэфIэкI зиIэ псоми къайхъулIэркъым цIыхуфIу дунейм тетын къалэныр.

Ар си къуажэгъу къудейтэкъым, атIэ си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэхэм ящыщт, уеблэмэ япэ классым къыщыщIэдзауэ илъэсиблкIэ зы партэм дыдэсащ абырэ сэрэ. Ди сабиигъуэр зауэ нэужь зэман хьэлъэм техуат. Апхуэдэ зэман хьэлъэм зэныбжьэгъу къудейуэ укъигъанэркъым - гугъуехьым зэкъуэш дищIат. Илъэс куэд дыдэ дэкIами, нобэ Дэбагъуэ унэцIэ зезыхьэ Шэрджэсым е Къэбэрдейм сащыхуэзэмэ, си Iыхьлы дыдэ слъэгъуауэ къысщохъу, Мухьэмэд и фэ дахэ изоплъ.

Дэбагъуэ Мухьэмэд теухуауэ гукъэкIыж Iэджи щызэрызохьэ си щхьэм, псалъэ гуапэ куэди телъщ си бзэгупэм, ауэ нэхъ игъуэу къыщIэкIынщ мы тхыгъэм а цIыху гъуэзэджэм лъэпкъым, къыщалъхуа къуажэм, адыгэ псоми яхуилэжьа Iуэху хэхахэм сыщытепсэлъыхьмэ.

ЛIы губзыгъэ гуэрым мыпхуэдэу жиIащ: «УсакIуэр, тхакIуэр къэпцIыхуну ухуеймэ, кIуэ ар къыщалъхуа лъахэм». Мухьэмэд къыщалъхуа Жьакуэ къуажэр Инжыдж и Iуфэ ижьым Iусщ. Къуажэм и тIысыпIэр куэдрэ ихъуэжащ. Иджы здэщысым 1891 гъэм къэIэпхъуащ. Къуажэпщу щыта Алъэсчыр Исхьэкъ псым и ижьрабгъур къыщыхихым жиIат: «Сэ сыхуейкъым ди бзылъхугъэхэм Iэ сэмэгукIэ псы кърагъахъуэу псэуну». Ди къуажэкIэм пэгъунэгъуу Инжыдж и адрей сэмэгумкIэ къэтIыса Хьэгъундыкъуей (Алибэрдыкъуэ) жылэм я цIыхубзхэм нобэр къыздэсым Iэ сэмэгукIэ псы кърагъахъуэ. Алъэсчырым и закъуэкъым гушыIэ зыхэлъу къекIуэкIыр. Жьакуэ щыпсэу дэтхэнэми гушыIэ дахэ яхэлъщ. Ди къуажэм «Адыгэ Габрово» фIащами щыуэнтэкъым. Сыт и уасэт мы къуажэм къыдэкIа артист цIэрыIуэ Акъ Мухьэрбэч и гушыIэкIэр!

Жьакуэр къуажэ цIыкIущ (цIыху 1800-рэ хуэдиз нобэ щопсэу), ауэ мыбы цIыху цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ. Апхуэдэхэщ артистхэу Акъ Мухьэрбэч, уэрэджыIакIуэ Гъуэт Хъусин (УФ-м и цIыхубэ артистщ), щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ докторхэр, кандидатхэр, къэрал псом къыщацIыху спортсменхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Абыхэм яхэтщ и къуажэм и цIэр





фIыкIэ зыгъэIуа Дэбагъуэ Мухьэмэди. Абы и жылэр зыми химылъхьэу фIы дыдэу илъагъурт, и къуажэгъухэм я гуфIэгъуи, я гуауи ядигуэшырт.

Дэбагъуэ Мухьэмэд илэжьа Iуэхухэм я гугъу пщIымэ, япэ изгъэщынт адыгэ газетым тригъэкIуэда и гуащIэшхуэр. 1965 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм ехыжыху ар щылэжьащ нобэ «Черкес хэку» зи цIэ газетым и корреспонденту, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу, илъэс куэдкIэ абы и редактор нэхъыщхьэу. Дигу къэдгъэкIыжынщи, адыгэ газетхэм я напэкIуэцIхэращ ди литературэр къыщежьар, псом хуэмыдэу 20 - 40 гъэхэм. Абы къыкIэлъыкIуа лъэхъэнэми адыгэ литературэм ехьэлIауэ газетхэм я мыхьэнэр нэхъ лъахъшэ хъуауэ пхужыIэнукъым. Дэбагъуэм абы лэжьэн щыщIимыдзэ щIыкIэ итха усэхэри япэу къызытехуар а газетырщ.

Шэрджэсхэм я адыгэ газетым и мыхьэнэр зэрыиным теухуауэ зы щапхъэ. ТIощI гъэхэм щыщIэдзауэ «Черкес хэку» газетым (цIэ зыбжанэ зэрихъуэкIащ ипэкIэ) нэхъыбэу щылэжьар, редактор нэхъыщхьэхэри хэту, Хьэгъундыкъуейрэ Жьакуэрэ къыдэкIахэрщ. Арагъэнщ мыбыхэм, псом хуэмыдэу хьэгъундыкъуейдэсхэм усакIуэ, тхакIуэ куэд къащIыхэкIар. Псалъэм папщIэ, мы къуажэм усакIуэ тIощIым нэс къыдэкIащ, абыхэм ящыщщ: Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэшх МуIэед, Анзор Мухьэмэд, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Шорэхэ Хьэсинрэ Ахьмэдрэ, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, АбытIэ Хъызыр, Иуан Щамел, АбытIэ Владимир сымэ. Мы къуажэм «Шэрджэс усыгъэм и Мэккэ-Мадинэ фIэсщащ» жысIэу тхыгъэ гуэрым къыщызгъэлъэгъуащ. ИужькIэ сыгушыIэу жысIэгъащ: «Фи къуажэм щыщ апхуэдиз цIыхур усэным дезыгъэхьэхар махуэ къэс фызыIуплъэ Жьакуэм и теплъэ дахэрщ» (Алибэрдыкъуэ къуажэм и пащхьэм итщ си адэшхуэм и адэ БакIуу Алий и цIэр зезыхьэ «БакIулий» мэзымрэ бгы екIуэкIымрэ). ГушыIэ хэмыту жыпIэмэ, литературэм Жьакуэ, Алибэрдыкъуэ, Хьэбэз къуажэм дэсхэр хэша щIэхъуар адыгэ газетымрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэмрэ я фIыгъэщ. ИужьреймкIэ Алибэрдыкъуэр япэ итауэ къыщIэкIынщ.

Илъэс куэд и пэкIэ къыщIадзауэ адыгэ газетхэм усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр традзэ. Мухьэмэд щылэжьа илъэсхэми «Литературэ напэ» газетхэм хухахыу щытащ. Ар жыджэру хэтащ Адыгейм, Къэбэрдейм, Шэрджэсым зэгъусэу къыдагъэкIыу щIадза номер зэхэтхэм. Ноби республикищым я адыгэ газетхэм ар хабзэфIу къадогъуэгурыкIуэ. Дунейм тепхъауэ псэу ди лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ адыгэхэр зыгуэркIэ зэпызыщIэ мы Iуэхум.

Адыгэ газетым щылажьэурэ, Дэбагъуэ Мухьэмэд иубзыхуащ и тхакIуэхъэтIыр, игъэIурыщIащ литературэм и жанр зэхуэмыдэхэр. Псом хуэмыдэу абы къехъулIэрт очерк жанрыр. Совет лъэхъэнэм очеркым мыхьэнэшхуэ иратырт, абыкIэ ягъэлъапIэрт зи гуащIэдэкIыр лъагэ цIыхухэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ прессэр, псом хуэмыдэу телевиденэр, гуащIэдэкI лэжьакIуэм зэрытепсэлъыхьыр мащIэ дыдэущ, къебэкI хъуащ зэштегъэур, бзаджащIэхэм ятеухуа темэхэр, цIыхум и гур изыуд мыхъумыщIагъэхэр къэгъэлъэгъуэныр. Журналист Iэзэ Дэбагъуэм и очеркхэм къакIэлъыкIуэрт рассказхэр, повестхэр, гушыIэ миниатюрэхэр. Газетхэм, журналхэм къытехуэ и тхыгъэхэм къакIэлъыкIуащ тхылъ щхьэхуэхэри.

Дэбагъуэ Мухьэмэд «ЩIыгур зыгъэщIэращIэ» и япэ тхылъыр 1972 гъэм Черкесск къыщыдигъэкIащ. Мыбыи «Псынэдахэ и бжьыхьэр» и етIуанэ тхылъми прозэр щытепщэщ. Иужьрейм итщ тхылъым фIэщыгъэ хуэхъуа повестымрэ рассказ пщыкIузрэ. Гу лъумытэну Iэмал иIэкъым тхакIуэм и рассказхэм гушыIэ куэд зэрыхэтым. ГушыIэ защIэ зи лъабжьэ рассказ цIыкIу, «миниатюрэ» зыфIищахэр щхьэхуэуи итщ «ФIы зыщIэ щIегъуэжыркъым» фIэщыгъэр иIэу 1991 гъэм къыдигъэкIам.

Иджыри зы гъэщIэгъуэн хэтщ Дэбагъуэм и очеркхэмрэ рассказхэмрэ. Мыбы убгъуауэ къыщыгъэсэбэпащ диалогхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэ тхакIуэр драматургием пасэу дихьэхыу зэрыщытар.

Зы Iуэхугъуэ къытеувыIапхъэщ адыгэ театрым теухуауэ. Адыгеймрэ Къэбэрдеймрэ я театрхэр нэхъ пасэу зэфIэуващ икIи заужьащ. Шэрджэсым адыгэ театрыр къыщызэрагъэпэщар хыщI гъэхэрщ. Къэбэрдей театрым щылэжьэну цIыху 60 къыхахри, 1935 гъэм ГИТИС-м еджапIэ ягъэкIуащ. Институтыр къаухри, абы труппэ гъуэзэджэу къагъэзэжащ 1940 гъэм. А гупыр иджыри еджэу, абы хэтхэм ягъэхьэзыру щIадзат КъардэнгъущI Зырамыку (езы Зырамыкуи абы щыгъуэм студентт) и «Къанщобиийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэр. Абыхэм щIэныгъэ куу ягъуэтат, Iэзагъэ ин зыIэрагъэхьати, уеблэмэ хамэ къэрал классикхэм я пьесэхэр ягъэувырт. 1940 гъэм Бомарше и «Фигаро и фызышэ» комедиер фIы дыдэу щагъэуват Къэбэрдей театрым. Черкесск деж адыгэ театр къыщыщызэIуахым, артист ягъэхьэзырахэр зыхуей пьесэхэр мащIэ дыдэт. Мис абдеж и зэфIэкIыр къызыкъуихыу щIидзащ драматург Дэбагъуэ Мухьэмэд.

Режиссёр Абдокъуэ Маталио и гъусэу япэ щIыкIэ ягъэуващ литературэ тхыгъэ щхьэхуэхэм къытращIыкIа драмэхэр: Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсият и мывэ» повестым, «IэлъэщI плъыжь», «Iэпхъуалъэ телъыджэ» таурыхъхэм къытращIыкIахэр, «Хэкум епцIыжам и анэ», «ЩIыгу IэмыщIэ» жыхуиIэхэр. Езы Дэбагъуэм итхащ комедие зыбжанэ («Аращ лIы зэрыдэкIуэр», «КIапэ нэхърэ - напэ е нысэтын»), таурыхъ жыпхъэм ит пьесэхэу «Иныжьым и нэр», «ГъущIыпсэ» жыхуиIэхэри абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ. Иджырей зэманым теухуащ «Дыгъур гъуэмбым йохуэ», «ФIы зыщIэр щIегъуэжыркъым», «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэхэр. Иджырей драмэр курыт еджапIэм и программэм хэту ядж. Зэрытлъагъущи, абы Шэрджэс театрым и репертуарыр игъэнщIащ илъэсипщIым щIигъукIэ. Езы Дэбагъуэ Мухьэмэди нэхъыбэу къызэрацIыхур драматургыущ, ауэ я фIагъкIэ абы и пьесэхэм зыкIи къыкIэрыхуркъым и рассказхэри.

И рассказхэм я сюжетыр «журналист нэ жанкIэ» Дэбагъуэм къыщигъуэтырт ди зэманым щекIуэкI гъащIэм. БлэкIакъым тхакIуэр ди сабиигъуэр гуфIэгъуэншэ зыщIа зауэ темэми. А темэр Мухьэмэд зы теплъэгъуэ гукъэкIыж фащэу «хиухуэнащ» «Псынэдахэ и бжьыхьэр» повестым (абы къыщыгъэлъэгъуэжа пычыгъуэр хыхьащ еханэ классым я учебникым). Повестым къыщыгъэлъэгъуащ совет зэманым щыIа зэхэтыкIэр, псэ хьэлэлкIэ жылагъуэм хуэлажьэ цIыхухэр. Мыбдеж тхакIуэм къигъэсэбэпащ зауэ зэманым адыгэхэм Ленинград къраша сабийхэр зэрахъумам, зэрапIам щыщ Iуэхугъуэхэри. Мы повестми рассказ куэдми Дэбагъуэм «щигъэлэжьат» сюжет щIэщыгъуэхэр, сэтей къищIырт узыIэпызышэ Iуэху екIуэкIахэр.

Куэдым зэращIэщи, тхакIуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къабж зэманыр, зыхэпсэукI лъэхъэнэр пэжу къэгъэлъэгъуэныр; абы и нэщэнэхэр фIэщхъуныгъэ хэлъу тхылъеджэм и пащхьэм илъхьэныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Драматургиемрэ прозэмрэ и гуащIэр нэхъыбэу хилъхьами, Дэбагъуэр усэнми хуэармууэ щытакъым. Мухьэмэд и усэ зыбжанэм макъамэ щIалъхьэри, уэрэд хъарзынэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ Хьэбэч Умар теухуа уэрэдыр, «Ар лъагъуныгъэщ», «Си дахэр», «Си дунейр къысхуэгъэнэху», «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу езы Мухьэмэди уэрэд жыIэныр фIэфIт. Къэрэшей-Шэрджэсым ноби щыIэщ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ «Нарт» цIыхухъу ансамблыр. Ар къызэзыгъэпэщахэм яхэтащ, уеблэмэ пашэу зыкъомрэ щытащ Дэбагъуэр.

Хэкупсэу, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу зэрыщытам ари и щапхъэщ. Сэ хуабжьу сигу ирохь адыгэхэр жыг хадэм убгъуауэ елэжьу щыщыта зэманхэм къэхъуа, ауэ нобэ ящыгъупщэжа зы хабзэ дахэ. Iуэхушхуэ зылэжьа, цIыхугъэ ин къызыкъуэкIа, лIыгъэ зезыхьа цIыхухэм фIыщIэ жыг хухасэрт. Хабзэр щымыIэжми, жыIэгъуэ дахэр къэнащ, ар яхужысIащ IутIыж Бориси, ЦIыпIынэ Аслъэни. ФIыщIэ жыг хуэфащэщ Дэбагъуэ Мухьэмэди.

ЦIыхур зыгъэдахэр и гуащIэдэкIырщ, адыгагъэу хэлъырщ. А псомкIи щIыхуэ лъэпкъ къытенакъым Дэбагъуэ Мухьэмэд. Ар къыхэкIащ Дэбагъуэ Къалэбэч и бынунагъуэшхуэм. Апхуэдэхэм сабийхэм щыгъыныр, шхыныр къащемэщIэкIами (псом хуэмыдэу зауэ нэужь зэман хьэлъэм), я псэкIэ, цIыхугъэкIэ, зыIыгъыкIэкIэ, цIыху хэтыкIэкIэ зэгъ хъу хабзэщ. Хьэл хъарзынэ яIэу къэхъуахэщ Мухьэмэди къыдалъхуахэри. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ ар фIыуэ еджащ, студенту щыщыта зэманым щыщIидзэри, спортым дихьэхыу, усэ итхыу щытащ. ГушыIэшхуэ хэлът, жьы щIэтт, ныбжьэгъу пэжт, нэжэгужэу, гуапэу псоми япежьэрт. Ар фIыуэ зыцIыхуу щытахэм, шэч хэмылъу, ягу къинэжащ абы и уэрэд жыIэкIэ дахэр, екIуу къафэу утыкум бжьыфIэу зэриту щытар.

Мухьэмэд зыцIыхуу щыта псоми ар дигу къэдгъэкIыжынщ мы дуней дахэм хуэфащэу зэрытетар. Сэ срогушхуэ, сроин ар ныбжьэгъуу зэрызиIам, зы къуажэ дыкъызэрыдэкIам. Илъэс куэдкIэ зэпэIэщIэу дыпсэуами, зэи си гум икIыркъым ди зэхущытыкIэ IэфIыр.

Дэбагъуэ Мухьэмэд сэбэп зыхэлъ Iуэхуу ищIар гъащIитIщым яхурикъунщ. ЛъэужьыфI къыхуигъэнащ литературэм, журналистикэм, адыгэ щэнхабзэм. ЗыкIи шэч къытесхьэркъым абы ахърэт дахэ зэригъуэтам.

**БАКIУУ Хъанджэрий**,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

МакъыщIэ

# Дэ дыадыгэщ, дышэрджэсщ



*Ныбэжь Арсен и усыгъэщ нобэрей ди къыдэкIыгъуэм теддзэр. Иджы япэу зи Iэдакъэщ IэкI ди газетым къытехуэ, зэрытхэрэ куэд щIами, зи IэрыкIхэр хэIущIыIу мыхъуа щIалэм и усэ Iэрамэм лъабжьэ хуэхъуащ тхыдэр, зэджа тхыгъэхэм къахиха гупсысэхэмрэ дэфтэр щхьэхуэхэмрэ. Пэжщ, усэ гъэпсыкIэ и лъэныкъуэкIэ ахэр щыщIэныгъэншэкъым, ауэ псэм къыбгъэдэкIщ. ЩIэджыкIакIуэхэр фыщыдогъэгъуазэ абыхэм ящыщ Iыхьэм.*

* * *

Дунейм шэрджэсхэр зэрытетрэ
ЯфIощI лъэпкъ куэдхэм гъэщIэгъуэн,
Адыгэ Хабзэр, ПщIэр, Нэмысыр,
ЩIохъуэпс абыхэм зыхалъхьэн!

Зы анэм дэ дыкъимылъхуами,
Дэ, къапщтэм, псори дызэкъуэшщ,
Дунейм зэбгрыдзауэ дыщыпсэуми -
Дэ дыадыгэщ, дышэрджэсщ!

Лъэпкъ тхыдэм къигъэна
лъэужьым
Тхылъ куэди, гъыбзи траухуащ.
Щэнхабзэм, лъэпкъым и къэухьым,
ЩIэныгъэлI куэди телэжьащ.

Си гугъэщ сэ, зэманым къекIуу,
ЩIэблэщIэм дежкIэ сэбэп хъун,
Ди лъэпкъ лъэужьыр усэ къупхъэу
ЩIаджыкIмэ - фIыуэ ялъагъун!

АтIэ сыхуейщ сэ мы лэжьыгъэр,
ФIыуэ слъагъу лъэпкъым
щхьэкIэ стхын!
Щыуагъэ хэту фэ къэфлъытэр
Сыхуейщ сэтей, ар пэжмэ, фщIын!

Щыуагъэ хэтыр, пэжу флъытэр,
Зэгъусэу дэ зэддзэкIыжынщ,
Мыбы еджэну си лъэпкъэгъухэм
АбыкIэ фIыщIэ ин фхуэсщIынщ!

1.

Ижь лъандэрэ къежьа
ди лъэпкъыр,
Хьэтхэурэ зыхьхэущ зэрыIуар,
Абы и щыхьэтщ Къаир музейм,
Тхыгъэ нэхъыфIу щIэлъу хъуар!

Зы мыхъуамэ, мелуаниплI
Шэрджэсхэр дыхъуу щытыгъащ,
«Ухэт уэ?» жаIэу къыдэупщIмэ,
Дыхьэтхэущ дызэрацIыхуар.

Мысырым ди шэрджэс-мамлюкхэм
Тепщэгъуэ ин щаубыдыгъащ,
Баркъукъ лIыхъужьыр ди пащтыхьу,
Къару шэрджэсхэм диIэ хъуащ!

Лъапсэрыгъажэу Айюбидхэм
Абдеж тепщэгъуэр щаухащ,
Хьэрып къэралым щыпсэу цIыхухэр
Илъэс мин щищкIэ псэхужащ!

Мысырым и къэрал гъунэгъухэм,
Я зехьэзехуэр мамыр хъуащ!
Шэрджэсхэм ди унафэм щIэтхэу
Хьэзэрхэр, коптхэр фIыуэ
псэу хъуащ!

Къаабэм и тепIэн нэхъыщхьэр
Ди мамлюкыпщхэм дзыхь хуащIащ,
Муслъымэн диныр зэрахьэну
Сэбэп хьэрыпхэм дахуэхъуащ!

Салахь-ад-Дин и сулътIаныгъуэт
Мин щитIрэ тхущIым щыщIэдзау,
Мысыррэ Щамрэ зэгуигъэхьэу
Зы къэралыгъуэ ар щищIам!

Абы и фIыгъэкIэ зауэлIхэм
Я псэукIэныым зихъуэжащ,
Дзэм хэт шэрджэсхэм я пщIэр ину
Салахь-ад-Диным къиIэтащ.

2.

А зэманыгъуэм жор-джаурхэр
Хьэрыпхэм къебгъэрыкIуэ хъуащ,
Мамлюкхэр бийм пэщIэувэну
Хиттин и деж щызэхуэзащ!

Абы хэтахэм ятхыжамкIэ,
Мамлюкхэм бжьыпэр яIыгъащ,
Жор-легионыр ягъэщIэхъури,
ХэщIыныгъэшхуэ бийм яхьащ!

ЕтIуанэу Газэм деж щызэхуэзэри,
Гвидо-де-Лузианыр «хъым» къихуащ,
Шэрджэс-мамлюкхэм бийр
хагъащIэри,
Иерусалимыр яубыдащ!

Мы дунейм цIыхухэр зэрытетрэ,
Зауэгъуэ гуащIэу куэд щыIащ,
Хиттин и деж щекIуэкIа зауэр,
Нэхъ гуащIэ дыдэхэм щыщащ!

КIэщI дыдэу сыкъытеувыIэну
Сыхуейт зауэшхуэхэу щыIам,
Шэрджэс-мамлюкхэм лIыхъужьагъэу,
А зауэхэм щызэрахьам!

Лъытэн хуейуэ собж
Баркъукъ-лIыхъужьым
ХытIыгу Родос зэриубыдар,
Бибарсрэ абы и къуэ Джэкъэмыкъурэ
Жор-легионыр зэрыхагъэщIар.

Къэитбей мамлюк-шэрджэс
пащтыхьыр
Тыркухэм щэней зэрытекIуар,
Хьэлебэ деж, Нил и псы Iуфэм,
Зауэшхуэ гуащIэу щекIуэкIар!

Зэман къисIуам деж щыщIэдзауэ,
Шэрджэсхэм лIыгъэ зэрахьащ,
ИгъащIэкIэ мыужьыхыжыну
Лъэпкъ лIыхъужьыгъэр гъаIэтащ!

3.

Наполеон зэритхыжамкIэ,
Шебрейс и деж ар щынэсам,
Дыщэпсу фащэкIэ хуэпауэ
ЗауэлI шу гупым щаIущIащ.

«ЗиIысхэр сыт? Хэт мы зэуэлIхэр?» -
КъыжиIэу ар щыщIэупщIам,
«Мамлюк зауэлIщ,
Джиркасхэу жаIэр», -
Абы жэуапу къратащ.

Нэхъ зауэлI Iэзэ, лъэрызехьэ
ИгъащIэм зэй имылъэгъуау,
ЦIыху щитIым я зауэлI къэухьым
ЗыбгъупщIыр текIуэу щытыгъау.

Я фащэр, Iэщэр хьэлэмэту,
Зэпэщу, екIуу зэщIэкъуауэ,
Шы лъэрызехьэхэр дэщIыгъуу,
Зэуэным ахэр къыхуалъхуауэ!

«Зы зауэлI щитI шэрджэсхэм щыщу, -
Наполеон жиIат, - сиIам,
Сыбжынт дунейр сэ си Iэрылъхьэу,
Тепщэгъуэр дэнкIи щызубыдау!»

Шэрджэсхэм я Iущагъэм, лIыгъэм,
Наполеон къыдахьэхат,
И щхьэ хъумакIуэу зауэлI гупи
Абы Мысырым къришат!

Зэман дэкIауэ, дзэр хагъащIэу,
И Iуэхухэр щызэIыхьэпам,
Хьэзэт-Алий Псыкупсым щыщу,
ЛIэжыхукIэ абы игъусащ!

Марсель и гъунэгъу къуажэ цIыкIум
Шэрджэсхэм щIыпIэ къыщратащ,
Нобэр къыздэсым ди лъэпкъэгъу куэдым
ПсэупIэ Франджыр яхуэхъуащ!

Адыгэхэр дызэрыгушхуэу ди лъэпкъым
ПщIэшхуэ къезытам,
Зэман пычыгъуэм къриубыдэу,
Сыхуейт мы тхыгъэм хэзгъэхьам.

Махуэгъэпс

# Мы махуэхэм

## Жэпуэгъуэм и 9, *щэбэт*

**◆Пощтым и дунейпсо махуэщ**

**◆1909 гъэм** къалъхуащ убых тхакIуэ, журналист **Щхьэплъы Зубейдэ**.

**◆1955 гъэм** къалъхуащ ухуакIуэ, хьэрычэтыщIэ, «ААА» фирмэм и унафэщI **Къуршэ Валерэ**.

**◆1966 гъэм** къалъхуащ актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ**.

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, ди республикэм махуэр кIагъэпшагъэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

## Жэпуэгъуэм и 10, *тхьэмахуэ*

**◆Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**◆Психикэ узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**◆ЦIыхум и судыр укIкIэ ящIэу мыдэным и европэпсо махуэщ**

**◆2006 гъэм** «ВКонтакте» социальнэ сетым лэжьэн щIидзащ.

**◆1910 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан**.

**◆1925 гъэм** къалъхуащ франджы балеринэ цIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа **Черинэ (Щамырзэ) Людмилэ**.

**◆1928 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iулыдж Iустырхъан**.

**◆1930 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид**.

**◆1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Елгъэр Кашиф**.

**◆1939 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэм я доктор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел**.

**◆1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий**.

**◆1941 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Дэбагъуэ Мухьэмэд**.

**◆1942 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий**.

**◆1942 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахьмэд**.

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, ди республикэм махуэр уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

## Жэпуэгъуэм и 11, *блыщхьэ*

**◆Хъыджэбз цIыкIухэм я дунейпсо махуэщ**

**◆ЦIыхум лы лей зытрилъхьэным ебэныным и дунейпсо махуэщ**

**◆1956 гъэм** къалъхуащ полицэм и генерал-майор, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий**.

**◆1958 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и Советым и тхьэмадэ, республикэм и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Бекъул Аслъэнбэч**.

**◆1967 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин Iуэхущ IапIэм и унафэщIу 2004 - 2010 гъэхэм лэжьа **Пщыхьэ щIэ Iэнас**.

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, ди республикэм махуэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЗыщIэн зымыщIэжым и унэ иречри иресэж.**




# ФIыгъуэ, насып, угъурлыгъэ

**Нал.** ФIыгъуэ, насып, угъурлыгъэ зыпылъу къалъытэ пасэрей дамыгъэщ. Унэ бжэщхьэIум, псом хуэмыдэу сымаджэр зыщIэлъым, шы нал тралъхьэрт, бзаджэнаджэ къримыгъэкIуэлIэну. Гъуэгу утехьауэ нал къэбгъуэтыныр фIыщ, жаIэрт. ГъущIхэкIыр, шыр угъурлыуэ къэлъытэным, гъэлъэпIэным къыхэкIащ.

**МахуэфI-махуей.** Iуэхур къыбдэхъунрэ къыбдэмыхъунрэ щыбублэ махуэм елъытауэ къалъытэу щытащ. Псалъэм папщIэ, «щэбэтыр мэбатэри, щэбэтым хадэ хэплъхьэну фIыщ, бэрэжьейм хэплъхьар хьэпIацIэуахуэ мэхъу», - жаIэрт.

Махуэ щхьэхуэхэм Iуэху пщIэ мыхъуну къалъытэрти, ягъэмахуэщIт (*махуэщI, махуэмыщI* - табу зытелъ махуэ). «Гъубжымрэ бэрэжьеймрэ кхъуэрэ пэт и кхъуэц зыхигъэхуркъым», «Гъубж Iэбжьанэ иубзи, бэрэжьей гыбзэ къыптихуэ», «Гъубжым Iуэхуублэну фIыкъым», - жаIэрти, яфIэмэхъэшэгъуэт.

Япэ щIыкIэ чристэныр, иужькIэ муслъымэн диныр къихьа нэужь, махуэщIыр мэремым трагъахуэ хъуащ: «Зи бын зыфIэмащIэр мэремым иремыдэ, иремыбзэ».

ЦIыху щхьэхуэм, лъэпкъ псом езым хэхауэ махуэщI щыхаубыдыкI къэхъурт: «Таухэ я щIалэ гъубж махуэм губгъуэм дэкIауэ и лъакъуэр джыдэкIэ иуIэжри, абы икIуэдыкIати, гъубжыр махуэщI ящIащ. А махуэм ятIэ зэрахьэркъым, цы япхыркъым».

*МахуэщIым махуащхьэ къегъанэ* щIыжаIари аращ (махуэщI Iуэхур фэбжь мэхъури, махуащхьэм пщIэнур къегъанэ).

А псом емылъытауэ, *«Нэщэнэ зыхуэпщIыр нэщэнэ пхуохъу», «Зэманыр щыгуззэвэгъуэм махуэщI щыIэжкъым»* жаIэрти, ирагъэлейртэкъым.

**МывэупцIэ**, *мывопцIэ*. Сэ зэралъ мывэ пIащIэ псыгъуэ кIыхь. IуэрыIуатэм, псысэхэм къыхохуэ: тхьэ зэраIуэ Iэмэпсымэу е Iэзэм сымаджэр зэригъэхъуж атрибуту къокIуэ. Адыгэ дахэхуэщIэми *мывэупцIэкIэ* йоджэ.

ЦIыху жьакIуэм, «пцIы дахэкIэ» узыIэпызышэм папщIэ псэлъафэу *«мывэупцIэ IэщIэлъщ (иIыгъщ)»* жаIэ.

# Адыгэ лы гъэжьэкIэ

ЛыпцIэр зэпаупщI г 35 - 40 хъуурэ. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, лыри бжьынри псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри, фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIауэ щIыIапIэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIухэри бжьынри хъыдан гъущэкIэ ялъэщI. Щагъэжьэнум и деж япэщIыкIэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фIэз ящI, и кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкIэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Дзасэм къыфIалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхыхьахэм.



*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
мэлылу - г 250-рэ,
адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Мухоловка** - жьыкъан.
**Нырок красноносый** - бабыщпэплъ.
**Овсянка горная** - къуршкIырыкъ.
**Пеликан кудрявый** - жьэдзыуэин.
**Сплюшка** - жьындуцIыкIу.
**Баклан** - хыбабыщ.
**Стеноглаз** - дурэшбзу, бзудамэплъ.
**Волчок** - бгъэкIэхьцIыкIу.
**Трясогузка** - мывэкIэпыс.
**Погоныш** - бгъэнджэд.
**Желна** - жыгыуIуфIыцIэ.
**Рябинник** - джэдгъалIэхуэлъэ.
**Сверчок пятнистый** - бзужэркусэ.
**Буйволовая птица** - хывбзу.
**Выпь** - бгъэкIэхь, къамылджокъ.
**Вяхирь** - тхьэрыкъуэпщэху.
**Галстучник** - щхьэщ, пшахъуэджэд.
**Глухарь** - хъунгъар.
**Сойка** - мэзкъанжэ.
**Фазан золотой** - мэзджэдщхьэтумэ.
**Горлица кольчата**я - жыгтхьэрыкъуэ.
**Барсучок** - бгъэнбзу.
**Бекас** - сыр-сыр.
**Голубь дикий** - тхьэрыкъуэ Iэл.
**Дубонос** - дубэкъ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Фэ дахэ зиIэ цIыху е напэм, щIыфэм и теплъэ. **6**. ...-абхъаз зауэм ди адыгэ щIалэхэм лIыгъэ щызэрахьащ. **7**. Псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **8**. ... зытеха къэбыр нэхъ IэфI мэхъу. **10**. Плъыр, къэрэгъул, ... **11**. Хьэ лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ пхуэубыдын? **16**. Мыдрисэм щеджэ. **17**. Дунейм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм дэкIа адыгэ бзылъхугъэ Мэз ... **19**. Лъапэ зыпымыт цIыхухъу щыгъын. **20**. КъБКъУ-м и 2-нэ ректору щыта. **22**. Пшынауэ, уэрэдус, КъБР-м и цIыхубэ артист. **23**. ЗэрымыщIэкIэ ирахьэжьа хъыджэбзым кIэлъыщIэпхъуа гуп. **25**. Адыгэ композитор Iэзэу щыта, УФ-м и къэрал саугъэтыр зрата. **27**. Дунейм и щIэрэщIэгъуэ зэман.

***Къехыу:*** **1**. Зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **2**. Анэкъилъху. **3**. Зи щхьэгъусэр дунейм ехыжа цIыхубз. **4**. « ... дахэкIей» - Къардэн Хьэсэнрэ Бахъуэ БетIалрэ яуса уэрэд цIэрыIуэ. **5**. ... хъунур шкIэ щIыкIэ къощIэ. **9**. Бахъсэн районым щыщ къуажэ. **11**. Акъсырэ Залымхъан и пьесэ «Дахэнагъуэм» хэт лIыхъужь нэхъыщхьэ. **12**. Литературэ тхыгъэ. **13**. Унагъуэ къэс щIэлъ Iэмэпсымэ, хьэпшып. **14**. Шы «вакъэ». **15**. Шы къэпщIэнтIам къыщхьэщих бахъэ. **18**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ. **20**. Бжэм и ... макъ. **21**. «Аркъэ», «шагъыр», «махъсымэ» псалъэхэр къызэщIэзыубыдэ. **24**. Бдзэжьей зэрещэ. **26**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Жэпуэгъуэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Iуащхьэ. **4**. ЩхьэкIуэ. **8**. Акъ. **9**. Егъу. **10**. Цыхъар. **14**. Пхуэфащэмэ. **19**. УимыкI. **21**. Хъун. **22**. Ущ. **23**. Щыпкъэ. **24**. Хьэчим.

***Къехыу:*** **2**. Аргъуей. **3**. Хьэнцэ. **5**. Хьэкъурт. **6**. КIурацэ. **7**. Щихъ. **11**. Шхуэ. **12**. Къан. **13**. Кумб. **15**. Менлы. **16**. Дудакъ. **17**. ПкIауэ. **18**. Гъэузи. **20**. Мэш.

# Жэпуэгъуэ

ЖЭПУЭГЪУЭ - бжьыхьэку мазэ. Ди зэманым къагъэсэбэпыр жэпуэгъуэ псалъэращ. А фIэщыгъэцIэм гъэм и лъэхъэнэр нэхъыфIу къигъэлъагъуэу къалъытэ. ЖыпIэ хъунущ мы мазэр тхьэлъэIу мазэу. Апхуэдэу, зэрыжылэу къызэдаIэту, абы щыгъуэ ящIырт Созэрэщ и тхьэлъэIушхуэр.

ТхьэлъэIур унагъуэ тхьэлъэIут. Созэрэщ и пщыхьэщхьэр щагъэлъапIэр бжьыхьэу гъавэр псори зэщIакъуэжа иужькIэт. СозэрэщкIэ адыгэхэр зэджэр хьэмкIутIей дакъэт, зэкIэщIэкIыкIауэ къудамибл тету. Созэрэщ и пхъэ дакъэр къащтэрти, къабзэу ятхьэщIырт. ИужькIэ унэм я нэхъыжьым къиштэрт, абы иужь джэгуакIуэр, пшынауэр, унагъуэм ис псори иувэрти, уэрэд жаIэу, пшынэ еуэу бжэм бгъэдыхьэрт. Пхъэ дакъэр зыIыгъ тхьэмадэр бжэм и деж щызэтеувыIэрти жиIэрт: «Созэрэщ, мы бжэр тхуIух».

Мыдрейхэри апхуэдэу лъаIуэрт. ИтIанэ бжэр зыгуэрым Iуихырти, псори щIигъэхьэрт. Иджы унэм я нэхъыжьым Созэрэщ и пхъэ дакъэр утыкум иригъэувэрт, абы уэздыгъэшыхьхэр кIэрыгъэпщIамэ, пигъанэрт. Созэрэщ и пхъэ дакъэм тет къудамэхэм уэздыгъэшыхьу кIэрагъапщIэр елъытат а унагъуэм цIыху бжыгъэу исым. Уэздыгъэшыхьхэм къинэмыщIауэ, Созэрэщ и пхъэ дакъэм и къудамэхэм кхъуей хьэбыкъуэ IэшкIэ ящIурэ кIэралъхьэрт. А псори зэфIэкIа иужькIэ унагъуэм ис псори Созэрэщ и пхъэ дакъэм еувэкIырти, я щхьэхэр Созэрэщ хуагъэщхъырт. Пхъэ дакъэр къаужыхьырт, тхьэ елъэIурт. ТхьэлъэIур зэфIэкIа иужькIэ псори зэхэтIысхьэжырти, шхэрт.

Мы тхьэлъэIум джэгукIэ, къафэ, гушыIэ хуэдэхэр пыщIауэ щыттэкъым. Шэч хэмылъу, Созэрэщ тхьэлъэIум зэхъуэкIыныгъэ куэд игъуэтащ.

Мы мазэм хеубыдэ тхьэшхуэгухьэж тхьэлъэIури. Ар щекIуэкIыр бжьыхьэ мазэу жэпуэгъуэм и пэ махуэхэрщ. Жылэм, уеблэмэ псыхъуэм къуажэу дэсыр зэпэмыжыжьащэмэ, псори зэхыхьэрэ тхьэлъэIушхуэ ящIыжу аращ, гъэм берычэту къахэхъуам щхьэкIэ Тхьэшхуэм фIыщIэ хуащIу.

ТхьэлъэIур щекIуэкIыну тхьэм и губгъуэм цIыхур пщэдджыжь нэмэзым къекIуалIэрт. Нэгумэ Шорэ мыпхуэдэу етхыж: бжьыхьэм, гъавэр зэщIакъуа иужькIэ, япэрей махуэр ехьэжьауэ ягъэтхьэлъэIушхуэт. Япэ щIыкIэ Тхьэшхуэгухьэж зэращIым ехьэлIауэ хъуэхъу яIэт. Тхьэм елъэIуа иужькIэ ефэ-ешхэ къызэIуах, мэджэгу, я нэгу зрагъэужь.

Тхьэшхуэгухьэжыр зэрекIуэкIыр зы махуэт, абы къыхэкIыу, къафэ, гушыIэхэр нэхъ мащIэт. Мы тхьэлъэIум къыгуэх имыIэу щыщ пкъыгъуэт шы гъэджэгухэмрэ шу зэпеуэхэмрэ. Мыбы щыгъуэ шэщIауэ шыгъажэ ящIыртэкъым. Ауэ шы джэгукIэхэр нэхъ куэд хъурт.

ТхьэлъэIур нэгузыужьу екIуэкIырт. Псом хуэмыдэу къахуэгъэсыртэкъым Тхьэшхуэм щхьэкIэ ящIыну уджыр. Абы псори гуфIэжу хэтт. Мы уджым ухагъэхьэртэкъым Тхьэшхуэр уи фIэщ мыхъумэ, жумарту, хьэлэлу ущымытмэ.

# Нэхъыщхьэ нэхъ щIасэщ

♦Быныр нэм и хъуахуэщ.
♦Еблагъэ зи бэм и бын мэжалIэркъым.
♦Джэду хьэжы зыкъещI.
♦Зэхуэфащэ зэщауэгъущ.
♦НэхъыщIэ нэхъ щIасэщ.
♦Унагъуэ зиIэм унагъуэ и пIалъэ ещIэ.
♦Бысым гуащэщIэ хьэщIэ и щIасэщ.
♦Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.
♦Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.
♦Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ - жылэ и зырыз благъэ.
♦Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.
♦Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ.
♦Псэр зэхъуапсэр дахэщ.
♦Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.
♦ХьэщIэр бысымым и гъэрщ.





# Урысейм и ерыскъы нэхъыфІхэр





**Урысей Федерацэм Мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министерствэм мы гъэм етІуанэу иригъэкІуэкІынущ «Вкусы России» лъэпкъ зэхьэзэхуэр. Абы щагъэлъэгъуэнущ икІи я фІагъыр зыхуэдэр къыщалъытэнущ хэгъэгухэм бренд хъуауэ къыщыщІагъэкІ, щагъэкІ мэкъумэшхэкІхэр.**

ИДЖЫКІЭ ди къэралым и щІыналъэ 78-м щыщу зэхьэзэхуэм ягъэхьащ ерыскъыхэкІыу 700-м нэс. Ар куэдкІэ нэхъыбэщ нэгъабэ хэтам нэхърэ.

Зэпеуэм ягъэхьа мэкъумэшхэкІхэм яхэтщ лъэпкъхэм, хэгъэгухэм я напщІэ телъ ерыскъыхэри, щІыпІэм цІэрыІуэ щыхъуауэ щагъэхьэзырхэри, къызэрыунэхурэ куэд мыщІа, ауэ абы зэрелэжьым зыужьыныгъэшхуэ иІэну гугъэ уэзыгъэщІхэри.

Зэхьэзэхуэм ягъэхьа тхылъхэмкІэ зэкІэ япэ итыр Москва областырщ, абы кІэлъокІуэ Ростов областыр, Пермь крайм ещанэ увыпІэр иІыгъщ - абы ерыскъы лІэужьыгъуэу 27-рэ къигъэлъэгъуащ. Нэхъ жыджэру зэхьэзэхуэм хэувахэм ящыщщ Волгоград, Ярославль областхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр лІэужьыгъуи 6-кІэ хэуват мы Іуэхум, ауэ иджыри тІу дыщІагъужащ. Мы гъэм «Вкусы России» лъэпкъ зэхьэзэхуэм я ІэфІагъымрэ фІагъымрэ къыщалъытэнущ адыгэ кхъуейм, къэхъун помидорым, минеральнэ псым, дзэлыкъуэ кІэртІофым, балъкъэр хъыршыным, мыІэрысэм, адыгэ хьэлыуэм, джылахъстэней къазымрэ цІыртІымрэ. Зэпеуэм хэтыну жэрдэм зиІахэм я тхылъхэр фокІадэм и 1 пщІондэ ягъэхьащ.

Жэпуэгъуэм и 20-м щегъэжьауэ щэкІуэгъуэм и 7 пщІондэ цІыхубэ ІэІэт екІуэкІынущ, жылагъуэм езыхэм нэхъ яфІэфІ ерыскъыхэкІхэм папщІэ е зыщыщ хэгъэгур даІыгъын щхьэкІэ Іэ яІэту.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**









# Прохладнэдэсхэм я текІуэныгъэ ин



**Илъэс 12 лъандэрэ къэмыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ командэр Урысей Федерацэм футболымкІэ щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и ещанэ дивизионым и гуп щхьэхуэм и чемпион хъуащ. 2009 гъэм гупым пашэныгъэр щиубыдат «Малка»-м.**

ФУТБОЛЫМКІЭ Лъэпкъ Лигэм и ещанэ дивизионым и етІощІанэ джэгугъуэр мы махуэхэм зэхэтащ. Зэхьэзэхуэр иухыным иджыри зы зэІущІэ къэнэжауэ, наІуэ хъуащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыубыдар. И унэ щыІэу «Динамо-Дагъыстэным» 4:2-уэ ефІэкІа Прохладнэ и «Энергетик»-м турнир таблицэм зыри къыщылъэщІэмыхьэжын хуэдэу зигъэбыдащ.

Гъэ джэгугъуэр щыщІидзэм куэдым я фІэщ хъуртэкъым командэм хэт футболистхэмрэ абыхэм яІэ джэгукІэмрэ ехъулІэныгъэ къахьыфыну. «Нэгъуэщ командэхэм я футболистхэмкІэ зыдгъэлъэщыну чэнджэщ къыдатырт, - жеІэ «Энергетик»-м и тренер нэхъыщхьэ Волков Александр. - АрщхьэкІэ дэ дызэгурыІуащ: КъБР-м и чемпионатым щыджэгухэр къэралым и ещанэ лигэми хэтыну. Арати, лъэхъэнэм и къалэн нэхъыщхьэр дгъэзэщІащ».

Прохладнэдэсхэм здынэсам къыщыувыІэну я мурадкъым, «Энергетик»-р зыхэт дэтхэнэ зы республикэ зэІущІэми щытекІуэну хущІокъу. Ещанэ дивизионым и чемпион фІэщыгъэцІэр абыхэм ящыщу зыми яІакъым иджыри къыздэсым.

«Лъабжьэ быдэ димыІэ пэтрэ, щІыналъэхэм я зэдай чемпионатым дыщытекІуащ. Апхуэдэ гуп зэкъуэт зэрызгъасэм щхьэкІэ согуфІэ», - къыпищащ Волковым.

Пэж дыдэу, къыхэгъэщыпхъэщи, ди щІалэхэм къызэранэкІащ тхыдэшхуэ зиІэ Къалмыкъым и «Уралан»-р, гугъэшхуэхэр зиІа Ингушым и «Ангушт»-р, Дагъыстэным щыщ командитху, цІыху мелуаным щІигъу щыпсэу Дон Іус Ростов и гупыр.

«Иджы футболистхэм я щІыхуэхэр дыпшыныжынщ. Командэм и бюджетыр зэпІэзэрыт щІыжын хуейщ. ЗэІущІэ куэдыкІейм хуэзэ улахуэр клубым футболистхэм яритакъым. ЩІалэхэм зашыІэ. Ауэ, сэ псалъэ стащи, улахуэр иратыжынущ. Тхыдэри фэеплъри мыкІуэдыжынщ - «Энергетик»-р Урысей Федерацэм и Ипщэ щІыналъэм и чемпионщ», - къыхигъэщащ прохладнэдэсхэм я тренер нэхъыщхьэм.

Гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм кІэлъыплъхэм я дежкІи зэхэкІащ етІуанэ увыпІэр къэзыхьари. Апхуэдэу къыщІэкІащ Нэзрэн и «Ангушт»-р. Иужьрей джэгугъуэм абы къригъэблэгъат Астрахань и «Волгарь-Ю»-р. 3:1-уэ хэгъэрейхэр зэІущІэм щытекІуащ. Ещанэ увыпІэм щхьэкІэ бэнэныгъэр иджыри иухакъым. Зы очко фІэкІа зэщхьэщыкІыныгъэ ямыІэу абы щІобэн «Динамо-Дагъыстэнымрэ» Астрахань и «Волгарь-М»-мрэ.

Джэгугъуэм хиубыдэу екІуэкІа адрей зэІущІэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикІуащ: «**Волгарь-М**» (Астрахань) - «**Уралан**» (Элиста) - **3:1**, «**Динамо-М**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Нахичевань**» (Дон Іус Ростов) - **2:4**.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

### Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэм футболымкІэ я зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Энергетик»** | **18** | **14** | **0** | **4** | **49-21** | **42** |
| 2. | «Ангушт» | 17 | 12 | 1 | 4 | 39-15 | 37 |
| 3. | «Динамо-Дагъыстэн» | 18 | 10 | 2 | 6 | 34-30 | 32 |
| 4. | «Волгарь-М» | 18 | 9 | 4 | 5 | 28-23 | 31 |
| 5. | «Нахичевань» | 18 | 8 | 5 | 5 | 34-28 | 29 |
| 6. | «Дербент» | 18 | 6 | 3 | 9 | 21-35 | 21 |
| 7. | «Уралан» | 18 | 4 | 8 | 6 | 27-26 | 20 |
| 8. | «УОР-Дагъыстэн» | 18 | 5 | 4 | 9 | 15-24 | 19 |
| 9. | «Динамо-М» | 17 | 2 | 5 | 10 | 25-37 | 11 |
| **10.** | **«Волгарь-Ю»** | **18** | **2** | **2** | **14** | **19-52** | **8** |

Налшык къалэ дэт 3-нэ поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ **Дол (Балъкъэр) Маринэ Антон и пхъум** дыхуогузавэ и анэ **Балъкъэр (Хьэнэ) Цоцэ Билал и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

***Къэбэрдей Адыгэ Хасэ,***
***«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.841
Заказ №2269